Уэрэдыр лIэркъым, жыгъэми игъэшкъым

2-нэ нап.



«IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

ФIым хуэпабгъэ Алим

4-нэ нап.

ПщIыхьым ухешэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№81 (24.987) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 7, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Гулъытэ яхуещI

КIуэкIуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 4-м яIущIащ я щхьэ Iуэхук1э къыхуэкIуахэм.

IЭТАЩХЬЭМ зыхуэзыгъэзахэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэт ди хэкуэгъухэм, апхуэдэуи щытыкIэ гугъу ихуа бынунагъуэшхуэхэм я Iыхьлыхэр.

Къапщтэмэ, узыфэ хьэлъэ зэфыкI сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хэха ягъуэтынымкIэ, цIыхухэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ, нэгъуэщI къалэнхэр зэфIэгъэкIынымкIэ зыщIагъэкъуэну зыкъыхуагъэзащ Iэтащхьэм.

Дэтхэнэ зы лъэIури Iэмал зэриIэкIэ зэфIагъэкIынущ.

Дэтхэнэ зыми ди деж къыщожьэ къабзагъэр

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щэбэт кIуам щыгъуазэ зищIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэщIэкъуэныр и къалэну иджыблагъэ къызэрагъэпэща «Экотехпром» МУП-м и лэжьыгъэр зэрызэтрахуа щIыкIэм.

ТЕХНИКЭ хэхауэ яIэхэм къызэрыхагъахъуэм къыдэкIуэу, я лэжьыгъэр тэмэму зэфIагъэкIын икIи кIэрыхубжьэрыхухэр зэтримыхьэн папщIэ я мурадщ IуэхущIапIэм нэхъ пасэу къигъэсэбэпу щыта хэщIапIэри къагъэщхьэпэну.

Я инфраструктурэр къагъэщIэрэщIэжыным Iэмал къитынущ я къалэнхэр тэмэму ягъэзэщIэнымкIэ, къагъэсэбэп техникэхэр и чэзум зэрагъэпэщыжынымкIэ. ЩIыналъэ операторым и материально-техникэ лъабжьэри нэхъри ирагъэфIэкIуэнущ.

А IэнатIэм щыщыIэ щытыкIэм теухуауэ документальнэ фильм трахащ иджыблагъэ. Республикэм и Iэтащхьэм Максым щиIэ напэкIуэцIым щытопсэлъыхь абы.

«ЩIыналъэ къабзэ. ЛэжьэкIэщIэм тету» зыфIаща фильмыр теухуащ кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэкъуэн и лъэныкъуэкIэ щыIа гугъуехьхэм, ахэр дэгъэкIыным хуэгъэзауэ ящIа унафэхэмрэ ахэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ. Къапщтэмэ, фильмым и гугъу ещI нэхъ ипэIуэкIэ а лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIа «Экологистика» компанием и а къалэнхэм зэрыпэмылъэщам икIи республикэм и пхъэнкIий зэхуэхьэсыпIэхэм къабзагъэм и мардэхэр къыщызэпыуда зэрыхъуам, абы цIыхухэм я мыарэзыныгъэхэр, тхьэусыхафэхэр къызэрырикIуам.

Фильмым къыхощ кIэрыхубжьэрыхухэр дэшыныр 2026 гъэм накъыгъэм и 15-м къыщыщIэдзауэ «Экотехпром» операторыщIэм и пщэ зэрыдалъхьар. IуэхущIапIэм и къалэнхэр япэ махуэхэм щегъэжьауэ зэригъэзащIэ щIыкIэр къагъэлъагъуэ: техникэхэр зэрыдэкIыр, япэ игъэщыпхъэ щIыпIэхэр зэраубзыхур, Налшык къалэм нэмыщI, абы пэжыжьэ жылэхэми а лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр.

Фильмым пхъэнкIийхэр зэщIэзыкъуэхэм я лэжьыгъэхэри къыщыгъэлъэгъуащ, IуэхущIапIэм и унафэщIхэри, и лэжьакIуэхэри, щIыпIэхэм щыпсэухэри къыщагъэпсэлъащ. Ар зыгъэхьэзырахэм къыхагъэщ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я къабзагъэр операторым и лэжьэкIэм и закъуэ зэремылъытар, атIэ езы цIыхухэри а Iуэхум нэхъ набдзэгубдзаплъэу хущытын зэрыхуейр. «Къалэм и къабзагъэр дэтхэнэ зыми ди деж къыщожьэ», - а гупсысэхэм ухуешэ фильмым.

Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъуэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

Зэхуэдэу фIагъым хущIокъу

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам хэтащ Тэтэрстаным щекIуэкIа, «Медицинэм и шынагъуэншагъэр: технологиехэмрэ унафэхэмрэ» IV щIэныгъэ-практикэ конференцым.

КЪАЛЭБАТЭМ и къэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ щIыналъэм шынагъуэншэ икIи фIагъ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къыщызэгъэпэщыным и Iуэхум зэкIэлъыкIуэу зэрыбгъэдыхьэм. Зэхыхьэм хэтхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ абы къигъэлъэгъуа Iуэху бгъэдыхьэкIэр икIи поликлиникэхэм щыщIэдзауэ сымаджэщ инхэм нэс цIыхухэм хуащIэ медицинэ IуэхутхьэбзэхэрзэрыагъэфIакIуэ щIыкIэр щапхъэу къалъытащ.

Министрым и докладым къыщыхигъэщащ лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьар: «унафэ - кIэлъыплъыныгъэ» жыпхъэм къытекIри, «Iуэхум къыщыщIэдзауэ унафэм нэс» бгъэдыхьэкIэм хуэкIуащ. Иджы япэщIыкIэ Iуэхум и щытыкIэр къэзыхутэ, зэпкърызых, гугъуехь зыпылъ щIыпIэхэр къэзыгъэнаIуэ, абы ипкъ иткIэ къалэнхэр зыубзыху лэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщ. Абы Iэмал къует лэжьыгъэр тэмэму зэфIэха хъунымкIэ Iэмал нэхъыбэ къэбгъэсэбэпыну.

ЗэхъуэкIыныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр медицинэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр Iуэхум зэрыхашэрщ. Дохутыр нэхъыщхьэхэр проектхэм я унафэщI хъуащ, абы IэнатIэхэр нэхъ зэпищIащ, жэуаплыныгъэми хигъэхъуащ.

Министрым и докладым и гупсысэ нэхъыщхьэу щытыращи, фIагъыр - ар зэ акцэкъым, атIэ технологиехэм, мардэхэм, сымаджэхэм я лъэIухэм ятещIыхьауэ зэпымыууэ лэжьэнырщ. Къалэбатэм жиIащ IэнатIэм ехъулIэныгъэ ущиIэн папщIэ, медицинэм и технологиехэм, жыпхъэщIэхэм задэбужьу, сымаджэхэм я гукъеуэр, лъэIур зэхэпхыу зэпыу зимыIэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр. «ЩIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэ псори зэхуэдэу фIагъым хущIэкъун хуейщ, ахъумэ ар IуэхущIапIэ щхьэхуэм и къалэн закъуэкъым. А къыхуеджэныгъэм утетмэ, лэжьыгъэм сытым дежи ехъулIэныгъэ ущиIэнущ», - къыхигъэщащ министрым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Анэхэм ират ахъшэ

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэ 1406-м яIэрыхьащ анэхэм ират ахъшэм и сертификатыр. А мурадым хуэунэтIауэ, Урысейм и ЦIыхубэм папщIэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуиутIыпщащ сом мелард 1,3-м щIигъу.

ФОНДЫМ анэхэм ират ахъшэм и электрон сертификатыр сабийр дунейм къызэрытехьэу ярет, адэ-анэм щхьэхуэу дэфтэр ягъэхьэзырын хуей мыхъуу.

Анэхэм ират ахъшэм къыпэкIуэ мылъкур псэупIэр егъэфIэкIуэным, сабийхэм щIэныгъэ етыным е абы илъэси 3 ирикъуху къратыпхъэ мазэ хьэкъым, анэм (языныкъуэхэм деж - адэм) и пенсэ гъэтIылъыгъэм, узыншагъэкIэ ныкъусаныгъэ зиIэ сабийхэр жылагъуэ гъащIэм хашэн папщIэ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ зыIэрыгъэхьэным тебгъэкIуадэ хъунущ.

Фигу къыдогъэкIыж «Унагъуэ» лъэпкъ проектым хэту, анэхэм 2030 гъэ пщIондэ ахъшэр зэрыратынур.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

Бахъсэн и гъуэгухэр ирагъэфIакIуэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспорт IэнатIэм зыщегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, Бахъсэн къалэм Шымэзокъуэмрэ Беслъэнеймрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI.

ШЫМЭЗОКЪУЭМ и цIэкIэ щыIэ уэрамым и кIыхьагъыр метр 800-м, Беслъэнейм ейр метр 1900-м щIегъу. Мыбы цIыху мин хуэдиз щопсэу. КъищынэмыщIауэ, Беслъэнейм и уэрамым тетщ курыт школ №2-мрэ Щауэ А.Т. и цIэр зезыхьэ, спортым щыхуагъасэ еджапIэмрэ.

Проектыр хуэунэтIащ гъуэгу ухуэныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэным, абы щызекIуэхэм щытыкIэ тынш икIи шынагъуэншэ къахуэзгъэпэщыным.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм хыхьэу асфальтыр гъуэгу жыпхъэхэм изагъэу тралъхьэнущ, лъэс зекIуапIэщIэхэр ящIынущ, уэрам уэздыгъэхэр фIадзэнущ.

Мы зэманым ирихьэлIэу гъуэгубгъу мывэхэр ягъэтIылъ, асфальтыр зэрытралъхьэным хуагъэхьэзыру абы и лъабжьэр зыхуей хуагъазэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Къэрэшей-Шэрджэсыр фестивалым хэтащ КъШР-м и лIыкIуэ IуэхущIапIэу Москва щыIэмрэ щIыналъэм Щэнхабзэмк1э и министерствэмрэ абы пыщIа Iуэхухэр къызэрагъэпэщри.

Ди къуэш республикэхэм

Москва зыкъыщагъэлъэгъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Москва и ВДНХ-м щекIуэкIащ «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фестивалыр. Ар теухуат 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрыщытымрэ СНГ-р илъэс 35-рэ зэрырикъумрэ. Абы екIуу хэтащ Къэрэшей-Шэрджэсри.***

ФЕСТИВАЛЫМ хыхьэу бадзэуэгъуэм и 4-м къызэIуахащ «Къэрэшей-Шэрджэс: хьэщIэхуэфI бгылъэ щIыналъэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр. Абы утыку къыщрахьащ республикэм и щIыуэпсыр, и хабзэхэмрэ и щIыпIэ телъыджэхэмрэ къызэрыщ сурэтхэр.

КъШР-м и программэм хыхьэу музыкантхэм я зэфIэкIхэр, цIыхубэ къафэхэмкIэ мастер-классхэр, апхуэдэуи «Непокорённая бурка» спектаклыр ягъэлъэгъуащ. Махуэр иухащ щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэм, анэдэлъхубзэмрэ хабзэхэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм иджыри зэ уезыгъэгупсыс «Испытание аулом» унагъуэ комедиемкIэ.

Псори къыдахьэх

АДЫГЕЙ. ***Краснодар щекIуэкIащ «Урысейм и къэкIуэнур дэращ» художественнэ творчествэмкIэ XII урысейпсо зэпеуэ. Абы республикэм и артистхэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Къызэхуэсахэри жюрим хэтхэри я зэфIэкIымкIэ къыдахьэхащ Адэмей къуажэм Щэнхабзэмк1э и унэм и творческэ гупым.***

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърикIуахэмкIэ «Эльбрус» ансамблым къыхуагъэфэщащ «ЦIыхубэ Iэмэпсымэхэр» номинацэмкIэ лауреатым и 1-нэ нагъыщэ дипломыр. Гупым и унафэщI ГъукIэлI Аскэр фIыщIэ къыхуащIащ.

Дэхъуэжь Эдуард зи унафэщI «Насып» адыгэ къэфакIуэ ансамблым къихьащ зэпеуэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - Гран примрэ лауреатым и 1-нэ нагъыщэ дипломитIрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ зэгурыIуэныгъэращ и лъабжьэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэ убгъуар бадзэуэгъуэм и 5-м Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор КъуэщIысокъуэ Тимур, КъэралкIуэцI политикэмкIэ управленэм и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Жамболэт, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ Иуан Петр, КъБР-м и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч, лъэпкъылI щэджащэхэу Хъурей Феликс, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Семэн Юрэ, Къущхьэ Догъэн, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ центру КъБР-м щыIэхэм я тхьэмадэхэу Литвинов Роман, Сурхайнов Ибрэхьим, Дадашев Алий, Погосян Артур сымэ, КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Сыжажэ Алим, Урыс чыристан чылисэм и благочиннэ Бобылев Валентин, нэгъуэщIхэми.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу Президентым зэригъэувам къыхэкIыу, абы къызэщIиубыдэ къалэнхэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэми лъабжьэ зэрыхуэхъур, ди къэралым щекIуэкI политикэмрэ IуэхугъуэхэмрэхамэкъэралхэмщыпсэудилъэпкъэгъухэмифIыуэ къазэрыгурыIуэр икIи къызэрыддаIыгъыр, зи чэзу зэIущIэм блэкIа мазищым зэфIагъэкIахэр къызэрыщапщытэжынур, къалэныщIэхэр зэрагъэувынур.

Япэу псалъэ зрата **Къуэшрокъуэ Залым** нэгъуэщI хэгъэгухэмрэ къэралхэмрэ къикIауэ зэIущIэм щIэсхэм КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ икIи лъэпкъ Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр, я мурад псори къадэхъуну зэрехъуэхъур дыщIигъуащ. «ФызытепсэлъыхьынуфубзыхуахэмсахэпIъати, лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ икIи зи чэзу дыдэу зытепсэлъыхьыпхъэ куэд хэтщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и зэIущIэм ди республикэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я хасэхэм я унафэщIхэр къызэревгъэблэгъар гуапэщ. Абы къегъэлъагъуэ ДАХ-р зиужь ит Iуэхухэр псом я дежкIи зэIухауэ зэрыщытыр, адыгэ зэхуэсым бзыщIа зэрыхэмылъыр, ди хабзэр, нэмысыр, тхыдэр тхъумэну, дгъэлъэгъуэну дызэрыхуэпабгъэр», - жиIащ Къуэшрокъуэм.

ЗэIущIэм къыщаIэтыну Iуэхухэм щIадзэн ипэ къихуэу, Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхилъхьэри, зэIущIэм щагъэлъэпIащ мызыгъуэгукIэ ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ зыхуэфащэу къалъытахэр. Зи IэщIагъэкIэ, щIэныгъэкIэ, зэфIэкIкIэ къахэщауэ тыгъэ лъапIэр иратащ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ, Тыркум щыщ жылагъуэ лэжьакIуэхэу, КАФФЕД-м хэтхэу Лъэпщыкъуэ Онеррэ Токъмакъ Шэнэсэррэ, щIэныгъэ лэжьакIуэ, философие щIэныгъэхэмкIэ профессор Шыбзыхъуэ ФатIимэ, альпинисткэ цIэрыIуэ Пекъу Алинэ, дзэ Iуэху хэхам и ветеран Жашуев Аслъэн, щIалэгъуалэ Iуэхухэр жыджэру зезыхьэ Жидков Руслан сымэ.

Хьэутий и къэпсэлъэныгъэм щIидзэн ипэ къихуэу ехъуэхъуащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу иджыблагъэ хаха Къат Хьишам.

Тхьэмадэм жиIащ ДАХ-р республикэм, къэралым щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэм жыджэру сыт щыгъуи зэрыхэтыр, лъэпкъыр зэрефIэкIуэн, хэкум зэрызиужьын зы Iуэхуи гулъытэншэ имыщIыну иужь зэритыр. Видео теплъэгъуэхэмкIэ щIигъэбыдэжу Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ ди лъэпкъым и пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ ялэжьахэмрэ къэралым, республикэм къыщаIэтахэм халэжьыхьахэмрэ.

Апхуэдэу, псалъэм папщIэ, езыр зи унафэщI «Урысейм и лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэ» IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ ДАХ-мрэ ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху дэкIыным зэгъусэу зэрытелажьэм и гугъу ищIащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ

Лъэпкъ зэгурыIуэныгъэращ и лъабжьэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

АР иджыблагъэ Москва щекIуэкIа «Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и зимычэзу зэIущIэм зэрыхэтам, абы и тхьэмадэу Латыпов Артур зэрыхахам тепсэлъыхьащ. КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэшхуэ иIэу къигъэлъэгъуащ къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIа хъуныр зи пщэ нэхъыбэу дэлъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм нэхъри зегъэубгъуным, щэнхабзэхэр хъума хъунымкIэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ хэкум илъынымкIэ Урысейм и дэтхэнэ зы цIыхуми жэуаплыныгъэ зэрихьыр иджыри зэ ягу къагъэкIыжыным хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтым теухуа зэпеуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм къыщызэрагъэпэщыну Iыхьэр мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкIыну дзыхь къызэрыхуащIам. Абы щытекIуахэр 2026 гъэм жэпуэгъуэм и 8 - 9 махуэхэм Налшык щагъэлъэпIэнущ.

Хьэутий зи гугъу ищIахэм ящыщщ ДАХ-р бзэр, хабзэр, тхыдэр хъумэным зэрытелажьэр, абы теухуауэ республикэм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми я Iыхьэ зэрыхалъхьэр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм ЕгъэджэныгъэIэнатIэм пэрытхэм я Iэзагъым хэгъэхъуэнымкIэ зэпымычу лажьэ и центрым Адыгэбзэм зегъэужьынымкIэ и лабораторэм гъэ къэс иригъэкIуэкI «Унагъуэр анэдэлъхубзэм, хабзэм я хъумакIуэщ» республикэпсо зэпеуэм щытекIуахэр ДАХ-м игъэлъэпIащ мы гъэм. Къэрал къулыкъущIапIэхэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэри зытелажьэр зы Iуэхущ, ар Хэкурщ, лъэпкъырщ зэхьэлIар. Мы зэпеуэми и мурад нэхъыщхьэу щытар адыгагъэм къызэщIиубыдэ къалэн псори адыгэ унагъуэм деж къызэрыщежьэр гъэлъэгъуэнырт, адыгэм я зэхэтыкIэм, хэкум лъагъуныгъэу хуаIэм, нэмысым, хабзэм, тхыдэм щIэблэр щыгъуэзэнымкIэ жэуаплыныгъэ нэхъыбэ зыхьыр унагъуэр зэрыарар нэрылъагъу щIыныр арати, ар къызэхъулIахэр ягъэлъэпIащ. Апхуэдэу Адыгэ ныпым теухуа зэIущIэ купщIафIэ Лъэпкъ музейм зэрыщрагъэкIуэкIам, абы щIэныгъэлIхэр, профессорхэр къызэрырагъэблэгъам, студентхэм, школакIуэхэм я дежкIэ щхьэпэу зэрыщытам тепсэлъыхьыжащ тхьэмадэр. Гъэ къэси хуэдэу, адыгэхэм я щыгъуэщIэж махуэр накъыгъэм зэрекIуэкIам теухуа Iыхьэм Сэхъурокъуэм къыщыхигъэщащ ди блэкIар тщIэжу, ди къэкIуэнум дыхуэплъэу дыпсэун, ди адэжьхэм я фэеплъым пщIэ хуэтщIрэ абыхэм я дерсыр и лъабжьэу пщэдейр духуэу дызэхэтыныр зэрынэхъыщхьэр.

АдэкIэ чэзууэ псалъэ иратащ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шапсыгъым, Ставрополь крайм щызэхэт Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан**, **Аслъэн Алий**, **КIэкIыхъу Мэжид**, **Шыбзыхъуэ Юрэ** сымэ. Зэлэжьыр зы Iуэхуми, щIыналъэ къэс щхьэхуэныгъэ зэриIэм хуэдэу, Хасэ тхьэмадэхэр зи ужь итхэр куэду зэтопщIыкI. ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан блэкIа мазищым зэлэжьахэм ящыщу къыхигъэщар дунейпсо зэпыщIэныгъэхэрщ. Хасэм и лIыкIуэхэр республикэм щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэр я гъусэу Тыркум щыIащ, абы зыкъыщагъэлъэгъуащ, КАФФЕД-м и лIыкIуэхэм яхуэзащ, Урысейм и ЛIыкIуэ Iуэхущ1апIэу а къэралым щыIэм зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIащ. А псоми убгъуауэ тепсэлъыхьыжащ Рэмэзан. Шыбзыхъуэ Юрэ нэхъыбэу зи гугъу ищIар Ставрополь щыIэ «Адыгэхэр» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщарщ. Ахэр нэхъыбэу зыдэлажьэр а къалэм щеджэ, щыпсэу щIалэгъуалэрщ. Абы къыхэкIыу бзэр зрагъэщIэным, хабзэр, тхыдэр ящымыгъупщэным теухуауэ махуэшхуэхэр, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхашэ икIи лъэпкъ махуэ хэхахэм зэхохьэри, лъапIэныгъэхэр яIэт. КIэкIыхъу Мэжид и гугъу ищIащ лъэпкъ куэд щызэхэс Сочэ къалэм щекIуэкI зэхыхьэхэм шапсыгъхэр жыджэру зэрыхэтым, я щэнхабзэр зэрыщагъэлъагъуэм, Адыгэбзэм, Ныпым, Фащэм я махуэхэр лъэпкъ махуэшхуэм хуэдэу зэрыдахым. Апхуэдэуи къыхигъэщащ лъэпкъ Iуэхур иIуатэу Лазаревскэ районым къыщыдэкI «Шапсугия» газетым хы ФIыцIэ Iуфэм Iус ди лъэпкъэгъухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ар Краснодар крайм къарит грантымкIэ къызэрыдагъэкIыр, нэгъуэщIхэри.

КАФФЕД-м и тхьэмадэ Улучай Юнал зи гугъу ищIар Кавказ Хасэхэм я Федерацэм щыщхэр Урысейм и лIыкIуэу Тыркум щыIэ Вершинин Сергей зэрыхуэзаращ. Ар зытеухуауэ щытар адыгэ хэхэсхэмрэ адэжь хэкумрэ я зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьынырт. «Хуабжьу псалъэмакъ купщIафIэ дедгъэкIуэкIащ Вершининым икIи хэкум дызэрыпыщIам теухуауэ куэд жетIащ. Езыми къыхигъэщащ Урысейм лъэпкъ куэд зэрисыр, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми къэралым пщIэ зэрыхуищIыр, и бзэр, хабзэр, тхыдэр ихъумэнымкIэ, иджынымкIэ Iэмал псори зэрыритыр.

Дэ нэхъ дыщIелъэIуахэм ящыщщ адэжь щIыналъэу къэтлъытэ Урысейм дгъэзэжыным пыщIа гугъуехьхэр нэхъ тщагъэпсынщIэну, къытпаубыд хабзэр нэхъ ягъэтIэсхъэну», - жиIащ Юнал. Тхьэмадэм и псалъэхэм къыпищэу, зыгъэгузавэхэр утыку кърихьащ Лъэпщыкъуэ Онер. Абы къыхигъэщащ Хэкум еджакIуэ къакIуэ студентхэм Тыркум исхэр куэдкIэ зэращыгугъыр, ахэр адыгэу къызэтенэнымкIэ хэкум щеджам, бзэр зэзыгъэщIам, адэжь щIыналъэм и IэфIыр зыгъэунэхуам мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы къыхэкIыу, нэхъапэм еджакIуэу къакIуэр нэхъыбэу зэрыщытар, абы куэдкIэ зэрыкIэрыхуар жиIэри, мы Iуэхум лъэныкъуитIми гулъытэ зэрыхуащIыпхъэр игъэбелджылащ.

Къат Хьишам Сирием ис адыгэхэм къабгъэдэкI сэлам гуапэ къызэхуэсахэм ярихыжащ икIи жиIащ иджыпсту абы щекIуэкI политикэм куэд зэрыригузавэр. «Къапщтэмэ, мы къэралым илъэс 15 хъуауэ революцэ щокIуэкI. Абы къыхэкIыу, адыгэу къинэжар исам и процент 30-щ. Нэхъыбэр Тыркум Iэпхъуащ, Европэм кIуахэри диIэщ, Хэкум къэкIуэжаи къытхэтщ. Экономикэр зэрызэтещэхар къэплъытэмэ, абы щыпсэухэр иджыпсту гугъу йохь, ауэ къэрал унафэщIу техьагъащIэхэм, псори фIыкIэ щогугъ», - жиIащ Хьишам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и унафэщI, «Хэку» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт зи гугъу ищIар Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьам ехьэлIауэ 2027 гъэм ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэм я жылагъуэ-политикэ мыхьэнэрщ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд мы гъэм фокIадэм и 20-м Адыгэхэм я махуэр ди республикэм зэрыщагъэлъэпIэнум тепсэлъыхьащ икIи къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ а махуэр къызэрежьар, 2014 гъэ лъандэрэ зэрырагъэкIуэкIыр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Дзасэжь Анзор «Зэлъэпкъэгъухэм я сабий зыгъэпсэхугъуэ-2026» фIэщыгъэм щIэт Iуэхур къызэрызэрагъэпэщым и гугъу щищIым къыхигъэщащ ДАХ-мрэ министерствэмрэ зэгъусэу зэхашэ лагерыр мы гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 4 пщIондэ зэрекIуэкIынур, псори зэхэту ныбжьыщIэ 62-м хэкум зэрызыщагъэпсэхунур.

Тхыгъэри сурэтхэри
ДАРИЙ Дахэнур *ейщ.*

Уэрэдыр лIэркъым, жьыгъэми игъэшкъым

Ди тхыгъэм фIэщыгъэ хуэтщIа псалъэхэр адыгэлI цIэрыIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта Бемырзэ Мухьэдин Хьэмид и къуэм (1948 - 2007) и къалэмыпэм къыпыкIа усэ сатырщ. Шэрджэс усыгъэм къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, наIуэ мэхъу лIэщIыгъуэ блэкIам къриубыдэу абы игъуэта зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм Бемырзэ Мухьэдин и цIэр япэ зэритым. «Зэкъуажэгъухэр», «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ купщIафIэхэр зи къалэмыпэм къыпыкIа лъэпкъ усакIуэшхуэм творческэ зэфIэкI лъагэ зэрыбгъэдэлъам шэч хэлъкъым. Адыгэ лъэпкъ усыгъэм лъэужь нэху къыщызыгъэна Бемырзэм и творчествэм теухуа лэжьыгъэ хьэлэмэтщ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и магистр Къуэдз Маринэ иджыблагъэ утыку ирихьар. Абы щыщ пычыгъуэ ди щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ идолъхьэ.

«БЕМЫРЗЭ Мухьэдин и усыгъэхэм езыр зэреджэр «уэрэдщ». Абы и уэрэдхэр Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ятеухуащ. Адэжь лъахэм, адыгэ лъэпкъым яужькIэ усакIуэм и творчествэм увыпIэшхуэ щызыIыгъыр, и уэрэд нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ щытыр къэзылъхуа и анэрщ. Анэм и щыIэкIэпсэукIэр, и шыфэлIыфэр, и дунейр Бемырзэм щытыкIэ, зэман зэхуэмыдэхэм иту дегъэлъагъу. Зэм ар гущэкъур зыIыгъыу сабийр зыгъэжей нысащIэщ («Сызэрытетрэ мы дунейм»), зэми зэрылIыкIыну узыр зыпкърыт и лIым хуэгуIэ щхьэгъусэщ («Поэмэ нэщхъей»), адэкIэ сабий зеиншэхэм ящхьэщыубгъуауэ, зи Iэгур лэжьыгъэм лэрыгъу ищIа фызабэщ («Си анэ, натIэ пхуэхъури фызабэныр»). Апхуэдэуи ар ди нэгу къыщIегъэувэ и гум дэгъуа бампIэхэр адыгэ пшыналъэкIэ зыгъэтIыс бзылъхугъэ пшынауэу («Къэщтэж, си анэ, зэшым ихь уи пшынэр…»), зэми балигъ хъуа и быным гукъыдэж езыт, и гурыгъу-гурыщIэхэр щхьэщызыIэтыкI анэу («Уи анэр гупсэу…»).

Усэхэм ящIилъхьэ гупсысэ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, Бемырзэм и усыгъэр къуэпсыбзу зэкIэщIокI. Абы къыхощхьэхукI лъахэр фIыуэ лъагъуным, щIыуэпсым теухуа, философие, лъагъуныгъэ лирикэ лIэужьыгъуэхэр. Сыт хуэдэ темэ тетхыхьами, усакIуэм зэи и гум ихуркъым хэкур. Хэкум, лъэпкъым, цIыхугъэ-зэхэтыкIэм фэрыщIагъ, хабзэншагъэ халъхьэу усакIуэм игу техуэркъым. Аращ Бемырзэм и лирикэр лъэщи щIэщыгъуи зыщIыр, адрей адыгэ усакIуэхэм ар къахэзыгъэщхьэхукIыр. КъэхутакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэ къызэрилъытэмкIэ, «и усыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы ипкъри и купсэри къэзыгъэщIыр зы псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнущ - АДЫГАГЪЭ. Ар я пщалъэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я хьэл-щэн нэхъыщхьэу гъэпсащ Мухьэдин и дэтхэнэ усэри. «АдыгагъэкIэ» еджэу къигъэщIа усыгъэ дунейм къызэщIеубыдэ адэжь щIыналъэр, лъэпкъыр. Абы хохьэ анэдэлъхубзэр фIыуэ лъагъунри, тхыдэр джынри, ныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр гъэпэжынри, псэ къабзагъэр, напэр хъумэнри, гъунэгъум, хьэщIэм пщIэ яхуэщIынри, диныр къабзэу зехьэнри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжани».

Бемырзэ Мухьэдин и псалъэр мэIуху быдэ яхуохъу и хэкум, езыр зыщыпсэу, зыдэс къуажэм, игу къоуэ абыхэм къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпэхэр, лъэпкъыр зэгуэр ткIийуэ зытета хабзэм кIуэ пэтми зэрытекIыр. Абы и дэтхэнэ усэми езы усакIуэм усэр щитхым иIа щытыкIэр уи нэгу къыщIагъэхьэ. Апхуэдэ усэхэщ: «Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ», «ЩыIэжкъым пасэрей адыгэ лIыжьхэр», «Си къуажэ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм усакIуэм хэкум, лъэпкъым и цIыхухэр гъащIэм къащылъыкъуэкI гугъуехьхэм япэщIэтыну, тыншу зыдрамыгъэхьэхыну къыщыхуреджэ.

Хэкум щытепсэлъыхькIэ, Бемырзэм IэщIыб ищIыркъым хэхэс адыгэхэм я гъащIэр, я гукъеуэхэр. Абыхэм я «гум къипсэлъыкIыу» итхащ усэ зыбжанэ: «Хэхэсым и гъыбзэ», «Мейкъуапэ щыщIэдзауэ Адлер нэсу», «Тыркум щыпсэу адыгэхэм я тхьэусыхэ», «Лъэпкъ гукъеуэ» жыхуиIэхэр. Лъэпкъыр къызэтенэн щхьэкIэ, мыхьэнэ ин дыдэ яIэщ бзэм, хабзэм, нэмысым, цIыхугъэм. Бемырзэ Мухьэдин а темэхэм убгъуауэ телэжьащ и усэхэмкIи поэмэхэмкIи.

Бемырзэм и дуней тетыкIэр, и лъэпкъ хэтыкIэр, и гъащIэм щынэхъыщхьэу къилъытэр «Си лъэпкъым» усэм щегъэнаIуэ: «Си лъэпкъ, сэ зэикI уи нэмыс згъэщIэщхъуу, / ЦIыху Iейуэ сыщытакъым зы сыхьэт. / Къыщызапэс къэхъуами схуэмыфащэ, / Зэхуэзгъэгусэ мыхъумэ ар зыщIам, / ХуэстIыну сыпылъакъым зэикI мащэ, / Я хьэкъ си гугъэу ахэр Iузгъэщ1эн». УсакIуэм дежкIэ нэхъыщхьэр еш имыщIэу зыхуэлажьэ, фIыуэ илъагъу и лъэпкъым къыгурыIуэнырщ, зэхищIыкIынырщ.

Уадыгэныр лъапIэщ. Ауэ, адыгэу ущытыныр гугъущ. Сыту? Уадыгэным къикIыр сыт? Сыт хуэдэ езыр адыгэр? А упщIэхэм я жэуапыр Мухьэдин мы усэ Iэрамэм щрет: «Уадыгэным къикIыр», «Адыгэр зэи хуэпсэуакъым и щхьэм», «Лъэпкъ гукъеуэ», «Дэ ди бгъэм дытеуIуэу хэти тфIэфIщ», «ЛъэпкъылI», «IиманыншагъэкIэ Тхьэр зэбга къэрал», «Си адэжь лъахэ», «Дыгъуасэрэ нобэрэ», «Дэ нобэкIэ ди лъэпкъ хабзэкIэ дызэджэр», «Напэ», нэгъуэщIхэми. Сыту пIэрэ атIэ, усакIуэм къызэрилъытэмкIэ, «уадыгэным къикIыр»? Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэт и усэми нэгъуэщI и IэдакъэщIэкIхэми къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Бемырзэм адыгэу ущытыным щIелъхьэ философие гупсысэ куу: «адыгэу упсэуным къикIыр зыщ - уадыгэну къыпкъуэкIынырщ лIыгъэ».

Бемырзэм и поэзием увыпIэ щхьэхуэ щаубыд адыгэбзэм теухуа усэхэм. Апхуэдэхэщ: «Псалъэм и къарур», «Адыгэбзэ», нэгъуэщIхэри. УсакIуэм и къалэныр къыщыIуэтащ «Уэрэдыр лIэркъым, жьыгъэми игъэшкъым», «Сыкъыщалъхуа махуэм», «Япэрей уэс», «УсакIуэм и натIэр» усэхэм.

Лъагъуныгъэ лирикэм хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ Мухьэдин. КъызэрыгуэкI псалъэкIэ усакIуэм къегъэщI а гурыщIэ телъыджэм и образхэр. УсакIуэм и гухэлъ усэхэми къыхощ, зы лъэныкъуэкIэ, адыгэлIым и бэшэчагъыр, и хьэл-щэн жыру псыхьар, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – и гу щабагъыр. Абы и лъагъуныгъэр пагэщ икIи щхьэхуитщ: «Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым - / ИтIанэ уи гъэпцIагъэр слъагъуфынкъым, / НэгъуэщIым хуэпхь насыпыр пэрыхьэтми, / ГущIыхьэ нэпсым си нэр ирифынкъым. / Срехъу дэгу-бзагуэ сыщыбгъэпцI дакъикъэм, / ИтIанэ уи псалъейхэр зэхэсхынкъым, / ИтIанэ уи гущIэгъум сыщIэлъэIуу, / Сыуву си лIы напэр тесхыжынкъым. / УщысIэщIэкIкIэ лъэр къыздремыбзэ - СыпкIэлъыжэнкъым, мыхъуми, сыноубзэу».

Бемырзэ Мухьэдин хуэфащэ Iыхьэ хилъхьащ щIыуэпсым и щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуа лирикэм зегъэужьынми. Абы и IэдакъэщIэкIхэм хэтщ пейзажым щхьэхуэу хуитха усэхэри, ар нэгъуэщI темэхэр къыщигъэлъагъуэм деж къыщигъэсэбэп Iыхьэхэри, апхуэдэуи «хэухуэнащ» и поэмэхэми. Абы и щапхъэщ «ЗыгъэпскIыпIэм», «Уэсэпсу щоткIур уи нэбжьыцхэм жэщыр», «Жэщыбг жей IэфIым хэтщ си щIыгур» усэхэр, нэгъуэщIхэри.

Бемырзэ Мухьэдин и философие лирикэм куэдрэ ущрохьэлIэ мылъкукIэ цIыхухэр зэрызэхуэмыдэм, зимыIэр зиIэм и лъэгущIэтыну къызэрекIуэкIым. УсакIуэ нэсым и гупсысэхэр щхьэхуитщ, ар зыми и бжьым щIэт хабзэкъым, уеблэмэ цIыху щIыхьыр хэзыутэхэм псалъэ нэхъ Iэщэ IэщIэмылъу япэщIэувэн хузэфIокI. АрщхьэкIэ мылъкур щытепщэ зэманым псалъэ-Iэщэр щоубзэщхъу: «Абы я мывэ плIимэр зыдэж Iуащхьэм / Къемыжэхыну сэ си шэрхъ хъурейр», - етх усакIуэм.

Бемырзэм и усэхэми, сонетхэми, поэмэхэми, басняхэми нэхъ и нэIэ зытригъэтыр лъэпкъ Iуэхурщ, зыхэпсэукI лъэхъэнэрщ. Абы и лирическэ лIыхъужьхэр езым къыдэпсэу цIыхухэрщ, и лъэпкъэгъухэрщ. Аращ ахэр гукъинэж щIэхъури.

Мухьэдин и усыгъэхэм я макъамэ нэхъыщхьэщ щIыуэпсыр фIыуэ лъагъуныр, цIыхугъэр, пэжыгъэр, лIыгъэр, лъагъуныгъэр, нэгъуэщIхэри. Зи бзэ, зи хэку хуэпэж цIыху гумызагъэр пэрытащ нэхъ IэщIагъэ гугъу дыдэхэм ящыщ зым - цIыху гъэсэным, егъэджэным. «Нобэ зи щIэблэр зыIэщIэзыгъэкI лъэпкъым и пщэдейм и бзэри IэщIэкIынущ: «Бзэм бын ирапIкъым, ирагъасэ мыхъумэ», - зэрыжиIар усакIуэм и гъащIэ гъуэгугъэлъагъуэщ. Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэхэм я къарур здынэсыр и щыхьэтщ макъамэ зыщIалъхьа и усэ куэд уэрэдыфI зэрыхъуари.

Бемырзэ Мухьэдин «усакIуэ нэщхъей» цIэр зытеIукIахэм ящыщщ. Абы и щхьэусыгъуэри кууэ зыхищIэ Iуэхугъуэхэм псэкIэ зэрапэджэжырщ. Усэ нэщхъей и къалэмыпэ къызэрыпыкIым щхьэкIэ дэуэгъу къыхуэхъухэми жэуап щыпкъэ яритыжыфырт Бемырзэм: «... Армыхъумэ сэри фIым сыхуэусэн / Мынэхъ хуэмыхуу си къарум къихьынут, / Ауэ къалэмыр згъэдэIуэфми сэ, / Мы сигу къигъыкIыр дэнэ сыбгъэхьыну?..»

УсакIуэр щылэжьащ лиро-эпикэ жанрми. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ «Инжыдж», «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Ди лъэпкъ пщы-уэркъхэм я фэеплъу», «Къуэш лъагъуныгъэ», «Гъуэгу махуэ, щIалэгъуэ!», «Iэдииху», «Поэмэ нэщхъей» поэмэхэр. Бемырзэм и лирикэр пэгъунэгъущ езым и биографием. Абы усэ яхуигъэфэщащ и бынхэм, и анэм, и адэм, и ныбжьэгъухэм. Мухьэдин и адэ Хьэмид гъащIэ гугъу иIащ. А темэр лъабжьэ хуэхъуащ Бемырзэм и поэмэ нэхъыфI дыдэу къэлъытапхъэм - «Поэмэ нэщхъей» зыфIищам».

Щыгъуазэ фызыхуэтщIа къэхутэныгъэ хьэлэмэтыр щригъэкIуэкIым, Къуэдз Маринэ и щIэныгъэ унафэщIу щытащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцент Бозий Наимэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, Къуэдзым и лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуэфащ Бемырзэр и поэтикэкIэ, усэ гъэпсыкIэкIэ, къигъэсэбэп эпитетхэм, зэгъэпщэныгъэхэм, метафорэхэм я купщIэмкIэ усакIуэ гъуэзэджэу зэрыщытыр икIи езым и усэбзэ хэха, и усэ гъэпсыкIэ щхьэхуэ зэриIэжыр. ИпэжыпIэкIэ, Бемырзэм и бзэр къулейщ, усэхэм я ритмикэ-синтаксис Iэмалхэр щIэщыгъуэщ, лъэпкъ усыгъэми а псори щIэуэ хилъхьащ абы. Маринэ иджыри зэ нэрылъагъу тщищIащ усакIуэм и художественнэ дуней лъагъукIэ щхьэхуэу адыгэпсэрэ гу хуабагъэкIэрэ псыхьар. Аращ Бемырзэ Мухьэдин и лирикэм и къыхэкIыпIэри.

«ЩIым лIаи псэуи щIэлъщ», - жиIэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Бемырзэ Мухьэдин и цIэр нобэ адыгэу дунейм тетым яIурылъщ. Шэч хэлъкъым абы и Iэужь дахэр игъащIэкIи лъэпкъым къызэрыдэгъуэгурыкIуэнум.

Зыгъэхьэзырар **КЪАРДЭН Маритэщ**.

Зэдэлэжьэныгъэр ягъэбыдэ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI, полицэм и подполковник Салпагаровэ ФатIимэ лэжьыгъэ IуэхукIэ Печатым и унэм щахуэзащ «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI Бежан Беслъэнрэ абы и къуэдзэ Холаев Темырланрэ.

ЛЪЭНЫКЪУЭХЭР тепсэлъыхьащ Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм и лэжьыгъэм ехьэлIауэ мыхьэнэ зиIэ хъыбархэр зэрызэIэпахыну щIыкIэм, щIыпIэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэныр гъэбыдэным, апхуэдэуи щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымрэ Урысей Федерацэм и лъэпкъ гвардием и дзэхэм къулыкъу щызыщIэхэм я пщIэр къэIэтынымрэ хуэгъэзауэ зэгъусэу зэхалъхьа я проектхэр пхыгъэкIыным. Гулъытэ хэха хуащIащ ведомствэр илъэси 10 зэрыхъумрэ абы теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэмрэ.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ Урысей гвардиемрэ щIыналъэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр ведомствэм и къалэнхэр зэригъэзащIэр сыт и лъэныкъуэкIи икIи и зэманым къэгъэлъэгъуэным, цIыхухэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм я дзыхь ирагъэзэзынымрэ а къулыкъум пэрытхэм пщIэ хуащIынымрэ я лъэныкъуэкIэ.

● ХъыбарегъащIэ

ЛIы ирикъухэращ зыхуэфащэр

Урысей гвардием зэухылIэныгъэкIэ (контракткIэ) къулыкъу щащIэну зыхуэфащэр лIы ирикъухэрщ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр шынагъуэншэу псэун папщIэ, илъэсипщI зыбжанэ хъуауэ, Шэджэм районым хыхьэ Звездный жылэм Урысей гвардием и дзэ пакIэм и хэщIапIэр щыIэщ. Къызэрыунэху лъандэрэ, дзэ зэгухьэныгъэм хэтхэм пщIэ пылъу я къалэнхэри, я пщэ къыдалъхьэ унафэхэри ягъэзащIэ.

Абыхэм ящыщу цIыху 200-м къэралымрэ ведомствэмрэ я саугъэтхэр кърагащ. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэ лъандэрэ, зауэлIи 100-м щIигъум тыгъэ къыхуагъэфэщащ.

Зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм я мурадщ Хэкур яхъумэу, езыхэм япэ ита зауэлIхэм зэтраубла хабзэр ямыгъэкIуэдыжыну. Урысей гвардием ухэтмэ, укъыщалъхуа уи Хэкум и тхыдэм хэпщIа уохъу!

Дзэм хыхьэ дэтхэнэ зыри и хьэкъри, и хуитыныгъэхэри, и социальнэ шэсыпIэхэри къэзыхъумэну щытыкIэм хабзэкIэ йоувэ.

Къэралым зэухылIэныгъэ езыщIылIэ дэтхэнэ зыми зэ тыгъуэу сом мини 195-рэ (дзэ Iуэху хэхам ипэ мазищым къриубыдэу хыхьэмэ, иджыри сом мин 205-рэ) кърагынущ. Улахуэ нэхъ цIыкIу дыдэм сом мин 45-м деж къыщыщIедзэ.

Дзэ Iуэху хэхам кIуэхэм дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр ягъуэтынущ (дзэ Iуэху хэхам щыщыIэ япэ мазэм):

- зауэ IэнатIэм щыIут махуэм хуэзэу - сом 26636-рэ;
- жэщ-махуэм текIуадэу - сом 127200-рэ;
- зыгъэпсэхугъуэ жэщ-махуэ лейм хуэзэ компенсацэ - сом 11586-рэ;

Дзэ Iуэху хэхам щрихьэкIа мазэм хуэзэу зауэлIым сом 220990-рэ кърагынущ.

Зыгъэпсэхугъуэ нэхъыщхьэ - жэщ-махуэ 30; ветеран зыгъэпсэхугъуэ - жэщ-махуэ 15. Льготэ къызыпэкIуэ илъэс бжыгъэ (зы махуэр махуэрэ ныкъуэу къалъытэнущ, дзэ Iуэху хэхам щыIэмэ, зы махуэр махуищу къалъытэнущ).

ЗэухылIэныгъэ езыщIылIа псоми ипотекэмкIэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ: псэупIэхэр езыхэм я мылъкукIэ къамыщэхуу, къэралым и мылъкукIэ къащэхуну Iэмал ягъуэтынущ (илъэс къэс дэтхэнэ зыми банкым щиIэ ахъшэ хъумапIэм сом мин 411-рэ хуралъхьэнущ).

ЗэухылIэныгъэкIэ IэнатIэм увынухэм папщIэ телефонхэр: 8 (86630)7-21-80 (коммутатор), пыгъэувапхъэхэр: 20-22, 20-09, 20-04.

Дунейм щыхъыбархэр

Акъыл IэрыщIым и зэранкIэ

Лъэпкъ ЗэныбжьэгъугъэмкIэ урысей университетым и къудамэу Сочэ щыIэм акъыл IэрыщIым (ИИ) и зэранкIэ диплом лэжьыгъэхэм дяпэкIэ мыхьэнэ ямыIэу къилъытащ икIи къэралым щыяпэу къызэраух экзаменхэм хигъэкIащ а къэпщытэныгъэ Iэмалыр.

2024, 2025, 2026 гъэхэм еджапIэм щIэтIысхьа, бакалавр-юристхэм диплом лэжьыгъэр яIэнукъым, студентхэм къапэщылъщ я IэщIагъэм зэрыхуэхьэзырыр жьэрыIуатэу щIагъэбыдэну. ЕджапIэ нэхъыщхьэм къыщыхагъэщащ диплом лэжьыгъэм еджапIэр къэзыухахэм я щIэныгъэр зыхуэдэр къызэримыгъэлъэгъуэжыр, сыту жыпIэмэ нейросетхэм дакъикъэ зыбжанэм кърихубыдэу суд Iуэху зехьэкIэр зэпкърахыу тхыгъэ ин къипхыфынущ.

«Къалэн нэхъыщхьэр къэзыухахэм хабзэм теухуа щытыкIэ гугъухэм, къызэрымыкIуэ Iуэхухэм деж унафэ къызэрыщащтэфыр къэпщытэнырщ, зрагъэгъуэта щIэныгъэр лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпыфынур гъэунэхунырщ», - жиIащ еджапIэм и юридическэ къудамэм и деканым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Легостаевэ Еленэ.

Бадзэуэгъуэм и 7, *гъубж*

♦**1918 гъэм** Советхэм Екатеринодар (иджырей Краснодар) щрагъэкIуэкIа съездым унафэ къыщащтащ Кавказ Ищхъэрэ республикэ къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**1931 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ мэзхэр, кхъухьлъатэхэр къагъэсэбэпурэ, хъумэным хуэщIа IэнатIэ.

♦**1971 гъэм** КIыщокъуэ Алим СССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу хахащ.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен**.

♦**1968 гъэм** къалъхуащ политик, КъБР-м и Парламентым и депутат **Iэпщэ Заур**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 8, *бэрэжьей*

♦**Аллергие узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ**

♦**1944 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «Анэ-лIыхъужь» цIэ лъапIэр, «Анэм и щIыхь» орденымрэ «Анагъэм и медалымрэ» къащтащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 23-рэ. Абыхэм ящыщу 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ. *Бадзэуэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 166-рэ, *илъэсым и пэщIэдзэм* щегъэжьауэ 4542-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи насып зыхэлъ зыми птрихынкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Гемуев Къалэт Юсуф и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

Мэлэчыпхъу и дыщэ чысэ

(Гъэсэпэтхыдэ)

Нарт Шужьей и гуащэр иригъэкІыжа нэужь, куэд дэмыкІыу Мэлэчыпхъу цІыкІум къыщІэупщІащ. Мэлэчыпхъу и адэ Жагъыщэ деж лІыкІуэ къищІри къыжригъэІащ:

- Сэ си гуащэр изгъэкІыжащ. Уи пщащэу дахащэ цІыкІум сегуэкІуащи, унэгуащэу къызэт, - жиІэри.

Шужьей и лІыкІуэм апхуэдэу щыжиІэм, Жагъыщэ гузэваш, жиІэнур имыщІэу, жэуапу иритынур имыгъуэту. Шужьей пэжу жиІэрэ ауан къищІрэ зыхуихьынур ищІакъым. И гуащэ дахэшхуэр иригъэкІыжауэ, Мэлэчыпхъу цІыкІунитІэр ишэну щІыжиІэр, сыт имыщІэми, къыхуэщІакъым.

- Сэ си пхъур езыр Іущ дыдэщ, Іуэхур зытетыр гурыдгъэІуэнщи, и щхьэм и унафэр езым ирещІыж, - жриІэщ лІыкІуэми, Жагъыщэр хьэщІэщым къыщІэкІыжащ.

Шужьей и мурадыр Мэлэчыпхъу щыгурагъаІуэм, ину дыхьэшхащ:

- И гуащэр иригъэкІыжауэ сэ къысщІоупщІэ! СыдэкІуэнщ, мы фэ чысэ цІыкІум из дыщэ къывитмэ, - жиІэри, зы фэ чысэ цІыкІу, ужьафэ хуэдизу къаритащ.

- Мыбы из дыщэ фІэкІа жыдмыІэу дауэ хъун? МащІэІуэщ. Мыбы зы дыщэ Іэмыщ1э нэхъ ихуэнукъым, - жиІэт Мэлэчыпхъу и адэм, чысэр щилъэгъуам, ауэ итІани и пхъум и щыщІагъэр ищІэжырти, дэкІуэрэ и жьэр ипхэм фІэфІт. Гуащэ цІыкІу игъэджэгуу щыс нэхърэ, унэгуащэ хъумэ нэхъ къищтэрт.

Мэлэчыпхъу и фэ чысэ цІыкІур Шужьей и лІыкІуэм ихьри кІуэжащ.

- Мыбы из дыщэептмэ, Мэлэчыпхъу къыбдэкІуэнущ, - жиІэу, чысэр Шужьейм щритым, нартыжьыр гуфІащ.

- Мыбы из дыщэ фІэкІа къызжимыІэмэ, Мэлэчыпхъу цІыкІур нобэ къызошэ, - жиІащ Шужьейм.

Шужьейм дыщэ изу илъу кІадэ ин иІэти, зэтричри дыщэр фэ чысэ цІыкІум ирикІутэу щІидзащ. Зы Іэмыщ1э из ирикІутэри, чысэ цІыкІум къищакъым. Іэмыщ1итІ ирикІутэри, из хъуакъым. Іэмыщ1экІэ ирикІутэр из щымыхъум, пхъэхьэшкІэ ирикІутэу хуежьащ. Шужьей дыщэр пхъэхьэшкІэ ирикІутэрт, ауэ фэ чысэ цІыкІур зэІыкІыурэ нэхъ ин хъу фІэкІа из хъуртэкъым. Ари щымыхъум, Шужьейм дыщэр хьэнцэкІэ ирикІутэу хуежьащ. Дыщэу иІэр псори ирикІута щхьэкІэ, чысэ цІыкІур кІадэм нэхърэ нэхъ ину зэІыкІри, дыщэр из хъуакъым. Шужьейр губжьри, и нарт щауэгъуэм дыщэу яІэр щІыхуэу къаІихри, ари хикІутащ, ауэ чысэм из хуэщІакъым. Ужьафэ хуэдизу щыта чысэ цІыкІур домбеяфибгъу хуэдизу зэІыкІащ. Шужьей абы фІэкІа дыщэ щимыгъуэтыжым, нэгъуэщІ Іэмал къыхуэмыгъуэту, дыщэ щІыхуэу къищтар игуэшыжри, езым и дыщэри кІадэм ирикІутэжащ. Домбеяфибгъу хуэдизу щыта чысэри ужьафэ хуэдизу цІыкІу хъужащ. Шужьейм ар зэригъэщІэгъуэн ищІакъым.

Фэ чысэ цІыкІур дыщэкІэ игъэнщІу щыхуемыгъэхьыжым, мурад ищІащ ар зищІысыр къимыщІауэ Мэлэчыпхъу деж иримыгъэхьыжыну. Нартхэм хъыбар яригъащІэри, щауэгъуу иІэр псори зэхуишэсащ. Нартхэм чысэ цІыкІур зэІэпах-зэІэпалъхьэу еплъахэщ, ауэ зищІысыр, а фэр къызытрахар къищІэфыну зыри къахэкІакъым.

Нартхэ яІэт Уэрсэрыжькіэ еджэу фызыжь гуэр, псори къищІэу.

- Мыр Уэрсэрыжъ къыхуэмыщІэмэ, дэркІэ къэщІа хъункъым, - жаІэри, чысэр Уэрсэрыжь и деж яхьри кІуащ.

- Нарт щауэхэм дыщэу диІэу хъуа псор мы чысэ цІыкІум иткІутащи, из тхуэхъуркъым. Мыр зищІысыр къыджыІэ, - жаІэри, Уэрсэрыжь чысэр иратащ.

Уэрсэрыжь чысэ цІыкІур зэпиплъыхьри:

- А, си щІалэхэ! Нартхэ дыщэу яІэр псори ифкІутакІи мыбы из фхуэщІынкъым. Мыбы из хъуауэ, мыбы зигъэнщІауэ зылъэгъуа зыри щыІэкъым. Мыбы мылъкурэ былымкІэ зигъэнщІауэ зэман къэхъуакъым. Мыбы зэрызигъэнщІу щыІэ закъуэр щІыщ. Мыбы зевгъэгъэнщІыну фыхуеймэ, япэщІыкІэ щІыгулъ тІэкІу ифкІути, итІанэ дыщэ ифкІутэж. Мыр цІыхум и гум телъ фэр аращ, - къажриІащ Уэрсэрыжь.

Нартхэр къэкІуэжри апхуэдэу ящІащ: япэщІыкІэ щІыгулъ тІэкІу ираКІутэри, итІанэ дыщэр щраКІутэжым, зы Іэбжьыб нэхъ имыхуэу чысэм из хъуащ. Шужьей зыхуейр арати, дыщэр изу чысэр Мэлэчыпхъу цІыкІум къыхуригъэхьыжащ.

- Уи чысэм дыщэ из ищІри нартым къригъэхьыжащ, удэмыкІуэу хъунукъым, - жаІэри, Мэлэчыпхъу дей кІуащ чысэри яхьри.

- А си чысэм из хъуар дыщэу фыщыгъуазэ? - жиІэри Мэлэчыпхъу къайупщІащ.

- Дыщэщ, дыщэ нэсщ, - жраІащ.

- Хьэуэ, - жиІащ Мэлэчыпхъу, - сэ еста чысэм из хъун дыщэ нартхэ ягъуэтынкъым. Дыщэкъым чысэр зыгъэнщІар - щІыщ.

- Дауэ зэрымыдыщэр? Мис, еплъ! - жаІэри, чысэм и щхьэр ятІатэри ирагъэлъэгъуащ.

- АтІэ сэ жысІэр пцІыщ абы щІы хэмылъым. Фи фІэщ мыхъум, къифкІути феплъ, - къажриІащ Мэлэчыпхъу.

Фэ чысэ цІыкІум дыщэу илъыр къыщракІутым, и щІагъым щІыгулъ тІэкІу халъхьауэ къыщІэкІащ.

- Иджы щІыр къыхэфхи, дыщэр чысэм ифкІутэж, - жиІащ Мэлэчыпхъу.

Щ1ыгулъ тІэкІур къыхахыу дыщэр чысэм щракІутэжым из хъужакъым.

- Дауэ щытми, чысэм из дыщэ жпІати, къыуитащ, удэкІуэн хуейщ, - жраІащ Мэлэчыпхъу, дагъакІуэмэ яфІэфІу.

- СхужефІэж нарт Шужьей, - жиІащ Мэлэчыпхъу, - сэ лІыкІэ сызэжьэр сызыгъэпсэун, фІыуэ сыкъэзылъагъунщ, армыхъумэ си гущІыІум ятІэ къизытхъуэу сыщІэзылъхьэжын нарткъым. Сэ си гум из зэрищІын лъагъуныгъэ абы иІэкъым. Абы лъагъуныгъэ къысхуиІатэмэ, еста чысэм дыщэншэуи из хъунт, ауэ абы лъагъуныгъэ иІэтэкъыми, чысэм дыщэр из хуэмыхъуу щІы кърикІутэри из къищІащ. Нартым лъагъуныгъэкІэ симыгъэпсэуфу сыщІилъхьэжащ. Сэ апхуэдэлІ сыхуейкъым!

Арати, Шужьей и лІыкІуэр иутІыпщыжащ. ЛІыкІуэр кІуэжу Мэлэчыпхъу жиІэжэр Шужьейм щыжриІэжым, етІуанэу лІыкІуэ къигъэкІащ:

- Сэ лъагъуныгъэ пхуэзмыщІатэмэ, си гуащэр изгъэкІыжу уэ сыпщІэупщІэнтэкъым. Уи Іущагъымрэ уи дахагъымрэ сигури си псэри дихьэхащ, жыІи схужеІэж, - кІыжриІэри.

- Іофтыр зыгъэдыджу, дыджыр зыгъэІофтыр къэпщІакъым жызыІэу, ар щхьэусыгъуэ зыхуэхъуу зи гуащэр изыгъэкІыжа нартым сэри щхьэусыгъуэ къысхуигъэтынщ. Нарт и фыз иригъэкІыжыну ар щхьэусыгъуэ мащІэщ. Хьэ хей яукІыркъыми, фыз хей ирагъэкІыжыркъым. Сэ къысщымыгугъыу и гуащэ иригъэкІыжар кърешэж. Абы нэхъыфІ Шужьей игъуэтынкъым, - жиІэри Мэлэчыпхъу дэкІуэн идакъым.

ЛІыкІуэр кІуэжу Мэлэчыпхъу жиІахэр щыжриІэжым, Шужьей укІытэжри, и гуащэ иригъэкІыжар къишэжащ.

Лэгъупым и хьэдэщІэлъхьэр

(ГушыІэ таурыхъ)

Еуэри Хъуэжэ зы бжэн пшэр иІэти, и ныбжьэгъухэм ар фІашхыну зэгурыІуэщ, къызэрагъэпцІэну Іэмалри къагупсысри къэкІуащ:

- Уа, Хъуэжэ, пщэдей дунейр къутэжынущ, мы уи бжэн бэгъуар абы хыумыгъэкІуадэу дыгъэшхыж! - жаІэри.

- Дунейр зэрыкъутэжынур дэнэ къыщыфщІа? - егъэщІагъуэ Хъуэжэ.

- Чытапым кьикІащ.

- Чытапым пхэнжу фыкъеджамэ-щэ?

- Хьэуэ, - жаІэ, - Хьэжбарэ-ефэндыр къедгъэджати, абыи аращ кърихар.

- Хьэжбарэ-ефэндыр щыуамэ-щэ?

- Щыуакъым, - жаІэ. - Мэрсэдж Мэздэгу къикІыжати, дунейкъутэжыр абы къэблэгъауэ жеІэ, пщэдей мыбы къэсын хуейуэ дыпоплъэ.

- Арамэ, Алыхьым гущІэгъу къэытхуищІ! - жи Хъуэжэ. - Феуэ, бжэным и унафэри фщІы!

Хъуэжэ и бжэныр яукІ, ягъавэ; зэхотІысхьэжри, хуэфэщэн фади и гъусэу яшх.

- ФынакІуэ, - жи Хъуэжэ, - мы дунейр мыкъутэж щІыкІэ зэрызэ зыдвгъэгъэпскІыж! - жеІэри, и ныбжьэгъухэр Бахъсэныжь ешэ аби, зарегъэгъэпскІ.

Мохэр псым зэрыхэхьарауэ, езым пхъэ гъур мафІэ ещІри, я щыгъынхэр пэредзэри егъэс.

Гупыр псым къыхокІыжри - я щыгъынхэр щылъижкъым.

- Іэу, дэнэ кІуа ди щыгъынхэр? - жаІэри заплъыхь.

- Лейуэ зывмыплъыхь: фи щыгъынхэр згъэсащ, - жи Хъуэжэ.

- А емынэ унэ ухъуи, щІэбгъэсар сыт?

- Пщэдей дунейр къутэжынумэ, слІо щыгъын зэрыфщІыжынур! - жиІэри, Хъуэжэ къыІуигъэзыкІщ аби, и унэ кІуэжащ.

ЛІы пцІанэжьхэр къызэхэнащ, жаІэнури ящІэнури ямыщІэу.

Мэчэнджащэ. «Хуэдгъэгъумэ, дызэфа быдзышэр ди хьэрэмщ!» - жаІэри, зэрыхуамыгъэгъуну щІыкІэмкІи зэгуроІуэ. Йоуэри, тхьэмахуэ гуэру Хъуэжэр зыщІыпІэ ирагъэблагъэ, йошхэ-йофэ, мэгушыІэ. ИтІанэ я нэхъыжьым къахелъхьэ:

- Девгъауи, дывгъэкІэцІ, - жи. - Нэхъ ин къэзыкІэцІым батырыбжьэ еттынщ, нэхъ цІыкІу къэзыкІэцІым бжьэ къытхуищэхунщ.

- Дывгъэкіэці! - жаІэри зэдащтэ ар.

Я нэхъыщІэр къахокІиикІ:

- МыкІэцІыфыр дауэ хъуну? - жи.

- МыкІэцІыфыр кхъужь мыхъум хуэдэу дубэрэжьынщ! - жаІэри, щІыззхуэсагъэххэр арати, ари зэдащтэ.

Щхьэж хуэфэщэн абгъуэ зэрегъэпэщри кІэцІыну мэтІыс. Хъуэжэри апхуэдэу ещІ. Мохэр зэгурыІуащи, джэдыкІэ зырыз ягъэпІий. Мо гуфІэжу зэхэт гупым я щІыб къыдоувэри, шэнтым тету Хъуэжэр къахоІуэ:

- Іуу-Іуу-Іуу! - жери. - Мыпхуэдиз джэдым зы адакъэ яхэмыту хъурэ? - жи.

Апхуэдэу лІы гупым мазэкІэ къагупсысу ягъэхьэзырар Хъуэжэ зы дакъикъэм яфІикъутэжащ.

- Уэлэхьи, дэ мыбы дыпэмылъэщыну, абы нэхърэ дызэІэпывгъэкІи, нэхъыфІщ! - жаІэри гупыр зэбгрыкІыжащ. Ауэ абыхэм языр Хъуэжэ и гъунэгъу дыдэти, и гум ирилъхьащ, си щыгъын игъэсам и уасэ фІэзмышхыжауэ сымыувыІэн, жиІэри.

ЗэманыфІ дегъэкІри къокІуэкІ ар Хъуэжэ деж:

- Ярэби, фи лэгъупышхуэм иджыпсту дыдэ фыхуэмеймэ, зы жэщ-зы махуэкІэ къызэфт! - жери.

Лэгъупыр къратри ихьащ. И пІалъэр къэсри, лэгъуп цІыкІу и кІуэцІым илъу къахуехьыж.

- Мыри сыт, мы лэгъуп дахэ цІыкІури? - жи Хъуэжэ. - Гу лъумытэу къэпхьа хъунщ...

- Хьэуэ, хьэуэ! - жи гъунэгъум. - Ар лэгъуп шырщ, фи лэгъупыжьыр лъхуэри къилъхуауэ аращ: хъер фхухъу!

- А зи унэр бэгъуэн, лэгъуп лъхуэрэ?

- Мылъхуэмэ, мы лэгъуп шырыр сэ къэслъхуа уфІэщІрэ! - жери лІыр щІокІыж, зигъэгуса хуэдэ зещІри.

Абы зыгуэр къызэрырикІуэнур Хъуэжэ къыгуроІуэри, и пащІэкІэм щІогуфІыкІ.

Зытэлай докІри, лІы гуэрыр къокІуэ аби, лэгъупышхуэр хьэхуу яІех. Махуэ докІри къихьыжыркъым. ТІу докІри къихьыжыркъым.

Щы докІри зигъэхъейркъым. ИтІанэ гъунэгъур куэбжэпэм деж щысу Хъуэжэр бгъэдохьэ:

- Ярэби, си гъунэгъужь, ди лэгъупым дыхуэныкъуэщи, нэгъуэщІ мыхъуми, хьэхуу къыдэптыжын? - жери.

- Уэлэхьи, фи лэгъупыр лъхугъэм илІыкІам! - жи модрейм.

- ЖыпІэр сыт, зиунагъуэрэ, лэгъупыр дауэ зэрылІэнур!

- Зэрылъхуэм хуэдэущ зэрылІэри! - жи гъунэгъум.

- НтІэ, ауэ щыхъуакІэ, дыуэ тедгъэщІэжи, дызэпыгъэкІ, - жеІэ Хъуэжэ.

- НакІуэ, - жиІэри, - пщэфІапІэмкІэ щІишэщ аби, лэгъуп Іубар къригъэлъэгъуащ:

- Мис, нобэ махуэ ещанэ мэхъу дунейм зэрехыжрэ! - жи.

ЛІитІыр иувыкІщ аби, Іэгу ущІакІэ дыуэ тращІащ лэгъупым. Дыуэр зэфІэкІри, Хъуэжэ лэгъупыр къищтэщ аби, и плІэм кърилъхьэжащ.

- ПщІэр сыт? - жери къыпоув лІыр.

- ЩІэслъхьэну сохь, - жи Хъуэжэ, - нобэ хуэдэ хуабэ махуэм хьэдэ апхуэдизрэ щыбгъэлъэ хъун! - жиІэри, и гъунэгъум жиІэн имыгъуэтыжу къигъанэщ аби, лэгъупыр къихьыжащ.

Абы и ужькІэ ахэр Хъуэжэ и ужь къихьэжакъым, жаІэ.

Псалъэжьхэр

Благъэжь бий умыщІи, псы жапІэжь унэ тумыщІыхь (Уи благъэр бий пщІымэ пфІэкІуэдынщ, псы жапІэжьым деж унэ щыпщІмэ, зэм-зэм псыр абыкІэ къэуэжынщи, уи унэр ихьыжынщ, жыхуиІэщ).

Вырэ цІэрэ зэпокъу (КъарукІэ, лъэкІыныгъэкІэ зэхуэмыдитІ щызэпэувым деж хужаІэ хабзэщ).

Жэщу плъэгъуа хъыджэбзым пщэдджыжьым зэ еплъыж (Зэ еплъыгъуэкІэ хъыджэбзыр щхьэгъусэ пщІыну ухуемыжьэ, и хьэл-щэн зэгъащІэ, кІэлъыплъыж, жыхуиІэщ).

ЗиІэм жылэр и хьэщІэщ, зимыІэм и анэ хуэгъэхьэщІэжкъым (Бейм зыхуей псори егъуэтри цІыху кІуапІэщ, абы сыт хуэдиз хьэщІэ къыхуэкІуами, къехьэлъэкІыркъым, екІуу егъэхьэщІэф. ТхьэмыщкІэм и анэ дыдэри зыхуей хуигъэзэжыфыркъым, жыхуиІэщ. Зылъэкіым куэд къепщІэкІащ, куэд щопэкІу, тхьэмыщкІэм дежкІэ хьэщІапІэ кІуэ щІагъуэ щыІэкъым жиІэу уегупсыси хъунущ).

Зы тхьэрыкъуэф Іэнэ здытешхыкіащ (Губгъуэм зэдитащ, щызэдэлэжьащ, гъэунэхугъуэ ихуащ, жыхуиІэщ. Пэжыныгъэ яку дэлъу, ерыскъым лъапІэныгъэу хуащІым къыхэкІыу зы Іэнэ тешхыкІахэм я дзыхь зэрагъэзу щытащ).

И лъэр щыувым псэщІэ хелъхьэж (Сыт хуэдэ Іуэху иригъажьэми, екІуу, дахэу ещІэ, жыхуиІэщ).

Лэжьэрей Іэбэщи, шхэрей дзабэщ (Лэжьэрейр Іуэху щІэным хуэшэрыуэщи, Іэ псынщІэщ, лэжьыгъэшхуэ егъэхъей, шхэрейм и жьэр шхэным есащи, ар шхэным хуэшэрыуэщ, жыхуиІэщ).

ЛІы и къуэгъурэ вы и гъурэ (ЦІыхухъур къуэгъумэ, ар зэрылэжьакІуэм и щыхьэтщ. Апхуэдэщ выри: ар уэдмэ, зэрагъэлажьэм и нэщэнэщ).

Ныбжьэгъуитіыр зэхуэзыгъэплъыр мафІэ гъэплъам есыж (Зэныбжьэгъуитіым яку дыхьэм, езым фІы къехъулІэнукъым - Іей ищІар зэ мыхъуми къыжьэхэуэжынущ, жыхуиІэщ).

ПщІэгъуалэ утесмэ, иц щыщ къыпхоуэ («ПщІэгъуалэ», «цы» псалъэхэм щІагъыбзэ щІэлъу мы псалъэжьым къыщокІуэ. ПщІэ зыхуащІ, Іуэхуфі зезыхьэ цІыху уи пэшэгъумэ, уэри абы и фэ къыптоуэ, жыхуиІэщ).

Тхьэм къызэригъэщІа цІыхущ (Хъуэщнэщыгъэ хэлъкъым, жыхуиІэщ).

Нарт Сосрыкъуэ къахэплъэу

Ди къэралым и зыгъэпсэхупІэ нэхъ дахэхэм халъытэ ХьэтІохъущокъуэ жыг хадэр. Зи инагъкІи дахагъкІи дэбгъуэн зимыІэ а щІыпІэр ди щІыналъэм и дамыгъэ екІухэм ящыщщ. Зыгъэпсэхупіэ цІэрыІуэм и япэ жыгхэр пащтыхыгъуэм и унафэкІэ хасауэ щытащ илъэси 175-рэ ипэкІэ, 1851 гъэм. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм мащІэу дэхуэхауэ щытами, иужьрей илъэсхэм абы и теплъэр хэпщІыкІыу ефІэкІуэжащ. Псом хуэдэжкъым ди республикэм къэралыгъуэ зэригъэзэрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу ар къызэрагъэщІэрэщІэжар.

ЖЫЖЬЭ къыщожьэ ХьэтІохъущокъуэ хадэм и тхыдэр. Лъэпкъ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Думэн Хьэсэн зэритхамкІэ, «1851 гъэм абы япэу щыхаса гъэІэпхъуэнхэм иныкъуэр щІым хиубыдащ, адрейхэр щІыІэм исащ. Ауэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкІэ жыг Іэрысэ мини 5-м я къудамэ мэзым къыщыкІ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм дагъэкІащ. Ахэр жыгыщІэ хъуа иужькІэ, я зэхуэдитІыр хадэм къранащ, адрей ныкъуэр цІыхухэм хуагуэшащ. А жыгыщІэхэр зыхуагуэшахэм ящыщ зыт ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІохъущыкъуэ. Абы хиса жыг хадэр «Іуащхьэмахуэ» шхапІэ цІэрыІуэр нобэ здэщыт щІыпІэм хуозэ. Пащтыхьыгъуэм хригъэсар - сабий джэгупІэхэмрэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ къэрал драмэ театрымрэ здэщытым деж щыІэщ. 1860 гъэхэм щІым теухуа хабзэхэр щызэблахъум, Налшык псэупІэм ищхъэрэкІэ щылъ щІы псори, нобэ «Дыгъужьь куэбжэкІэ» зэджэм нэс хиубыдэу, пащтыхьыгъуэм иригъэухуа хадэр къыдэкІуэу, ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІохъущыкъуэ и мылъкум хабжащ. Апхуэдэу хадитІыр зэхагъэхьэжащ икІи зыуэ ялъытэ ХьэтІохъущокъуэм и хадэр», - итхыгъащ Думэным.

Пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэу имыт щыІэтэкъым абы а зэманым: кхъужьейхэр, мыІэрысейхэр, балиейхэр, балий Іэрысейхэр, къанцылыкъуэхэр, шэфтал, мэракІуей, н.къ. КІарцхэмрэ бзиихухэмрэ сатыр дахащэу ирикІуэрт. Удзыпщ1э телъыджэ итт ихъуреягъуэ мэракІуейрэ шэфталу. Жызумейхэм псы щІагъэлъэдэн папщІэ, хадэм ипщэкІэ псы къызэпрашат. Къуалэбзу лъэпкъхэмкІэ къулейт ар.

ХьэтІохъущокъуэпщыр нэхъ лъэрымыхь хъууэ, хадэми и Іэр щыхунэмысыжым, 1890 гъэм щегъэжьауэ хадэ зехьэным ахъшэу текІуадэр «Къэбэрдей цІыхубэ мэлыльку» банкым къиутІыпщу хуежьащ. Зэман дэкІри, дэфтэрхэм къызэраІуатэмкІэ, 1898 гъэм хадэр ХьэтІохъущокъуэм имеижу «Къэбэрдей жылагъуэм» и мылъку хъуащ, 1912 гъэм Къэбэрдей округым и Іэтащхьэу щыта Къыблышбий СулътІанбэч «Налшык егъэфІэкІуэнымкІэ зэгухьэныгъэ» къызэригъэпэщащ, езыр и унафэщІу. Къалащхьэм зегъэужьыным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэм яхэтт хадэм жыг сатырыщІэхэр щыхэсэныр, сабий джэгупІэхэр, псэущхьэ Іыгъыпіэхэр, зыгъэпскІыпІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, псы къилъэдапІэ-ижыпІэхэр къызэгъэпэщыныр, апхуэдэуи Налшык музей къызэІуахыну, Кавказымрэ абы теухуа тхыгъэхэмрэ щадж къудамэ щхьэхуэ хэту тхылъ хъумапІэ къызэрагъэпэщыну, уэрэд щыжаІэн, къыщыфэн, зыщагъэпсэхун щІыпІэхэри яухуэну. 1916 гъэм ХьэтІохъущокъуэм и хадэм Курзал ирищІыхьащ.

Думэным зэритхымкІэ, Жэпуэгъуэ Революцэ Инымрэ граждан зауэмрэ я илъэсхэм хадэр дэхуэхауэ, ар къалэдэсхэм я Іэщ гъэхъупІэу щытауэ итщ дэфтэрхэм. Ди щІыпІэм совет властыр щагъэува нэужь, Налшык округым и ревкомым узыншагъэ Іуэхухэмкіэ къудамэм и унафэщІ Абаев Измаил и жэрдэмкІэ Къалмыкъ БетІал унафэ кьыдигъэкІауэ щытащ «ГуащІэрыпсэухэм я хадэкІэ» зэджэ хъуа зыгъэпсэхупІэр хъумэным теухуауэ. 1923 гъэм ар хъуащ «Къэбэрдей хадэ», 1949 гъэм, Сталиныр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ, «Сталиным и цІэкІэ Къэбэрдей парк» фІэщыгъэхэр игъуэтащ. Сталиным хуащІа пщІэр егъэлеиныгъэу къалъытэжа нэужь, хадэм «Налшык парк» фІащыжащ.

ЩІэныгъэлІ щыпкъэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр я лъабжьэу, апхуэдэуи Налшык къалэ дэт зыгъэпсэхупІэ паркым «ХьэтІохъущокъуэм и хадэ» фІэщыгъэр иратыжыну лІэщІыгъуэ блэкІам и 90-хэм абы къыхилъхьауэ щыта жэрдэмри дАІыгъыу, жэнэт щІыналъэм мы зэманым игуэтыжащ и цІэ дыдэр. Гектар 250-м щІигъу зыубыд хадэшхуэм къэкІыгъэ лІэужьыгъуищэхэр итщ. Абыхэм яхэтщ нэгъуэщІ щІыналъэхэм, къэралхэм кърашэхэр. Хадэм и теплъэри махуэ къэс йофІакІуэ. Абы и зекІуапІэхэр, лъэс лъагъуэхэр екІуу къращІыкІащ, тетІысхьэпІэ дахэхэр, уэздыгъэ цІыкІухэр къащхьэщыту, гъуэгубгъухэм щагъэуващ. Бзииху дахэхэр екІуу щегъэкІэла лъагъуэхэр лъакъуэрыгъажэкІэ къыщыбжыхь хъуну къызэрагъэпэщащ. Паркым щаухуащ физкультурэмрэ спортымрэ дахьэххэм папщІэ утыку щхьэхуэхэр.

Къалащхьэм щыпсэу цІыхухэми абы и хьэщІэхэми фІыуэ ялъагъу щІыпІэщ хадэр. ЩІымахуэм ХьэтІохъущокъуэ и хадэр нэхъ щым мэхъу. Ауэ гъатхэм хадэр къощІэрэщІэжри, гъащІэм зыдищІу нэгузыужь, дахэ, щхъуэкІапІэ мэхъуж. Илъэс псом абы щолажьэ аттракцион зыбжанэ, джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуэщІа пэшхэр, лъэпкъ шхыныгъуэ къэуатхэр щагъэхьэзыр шхапІэхэр. Хадэм и кІыхьагъкІэ цІыхубэ Налшыкыпсыр, абы хэтщ гуэлхэр, абыхэм ущхьэпрашу лъагэу фІэщІауэ зокІуэ кІапсэ гъуэгухэр. Зым ухуешэ Кизиловкэ Ин, ЦІыкІу Іуащхьэхэм я зыплъыхьыпІэ щыгухэм, етІуанэм урешалІэ къалащхьэм и дахагъым аддэ къыщыту къыхэплъэ нарт Сосрыкъуэ и хэщІапэм, хьэщІэ егъэблэгъапІэм.

Апхуэдиз фІагъ мы зэманым зыбгъэдэлъ ХьэтІохъущокъуэ хадэр илъэс 20-м нэс ипэкІэ къалъытакІэт Урысей Федерацэм и зыгъэпсэхупІэ парк нэхъыфІ дыдэу. Нобэ хадэм щытлъагъу дахагъэр, зэпэщыныгъэр, дауи, зи фІыгъэр цІыхум и гъащІэр нэхъ екІуу, мардэщІэхэм хуэкІуэу къызэгъэпэщыныр зи мурад нэхъыщхьэу дзыхь къыхуащІа къалэныр жэуаплыныгъэ яхэлъу зыгъэзащІэ республикэ унафэщІхэрщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Пщыдадэ и хъыбар

Пщыдадэ нартым я пщу, нартым я унафэщІу щытащ. Уарпыжь узэпрыкІмэ, «Пщыдадэ и мывэ шэнт» жаІэу щІыпІэ иІащ: зэІущІэ ищІу, нартхэр абы щызэхуишэсу.

Нарт Хъымыщ жери, Пщыдадэм жагъуэгъу къыпыкъуэкІащ, нартхэм ящыщу. Нарт Пщыдадэ пщыгъэм къытекІри, Хъымыщым пщыгъэр иубыдащ. Мывэ шэнтри Хъымыщым къыхуэнащ. Еуэри, нартхэр зэхуэсауэ Хъымыщым унафэр къищІу мывэ шэнтым здытесым, Пщыдадэр бгъэдохьэ.

- Ей, Хъымыщ, Хъымыщ, - жиІащ нарт Пщыдадэм. - Дунейр чэзущ, нарт пщыгъуэр къыплъысащ. ЩІыхьи ныпхузощІ, сыпщхьэщытыныри схуэфащэщ, - жеІэри Хъымыщ и тІасхъэгъуэм зрегъахуэ, нартыжьыр егъэбэлэрыкъри, махуэ гуэрым нарт Пщыдадэ и джатэжьыр кърех, Хъымыщри еукІ.

Нарт Пщыдадэ къэшэсу Уарпыпсым къикІыжауэ, теуэгъуэфІи кьикІуауэ, Хъымыщ и къуэ Батэрэз нарт Пщыдадэ ныІоущІэ.

- Пщыдадэ, зиусхьэн, дэнэ ущыІа? - жриІащ Хъымыщыкъуэ Батэрэз.

- Уи адэ Хъымыщ мывэ шэнтым тесу сукІащ, си джатэдзэр къыІуигуащ, джатэлъыж сокІуэ, - жиІащ Пщыдадэ.

- Пщыдадэ, зиусхьэн, си адэ Хъымыщ зэрыбукІа джатэр къипхрэ сыбгъэлъагъуркъэ, - жиІащ Хъымыщыкъуэ Батэрэз.

Джатэ Іэпщэр иІыгъыу Пщыдадэ джатэр кърихри иригъэлъэгъуащ Хъымыщыкъуэ Батэрэзым. Нарт щауэр хьилэм екІуащ, Іэмалым екІуащ.

- Пщыдадэ, зиусхьэн, уи джатэр дыгъэм полыд, си Алэдыр нэджыджэщи ныщощтэ, джатэ Іэпщэр къэгъази сыгъэлъагъу, - жиІащ Хъымыщыкъуэ Батэрэз.

Джатэпэр Пщыдадэ иІыгъыу хуишиящ Хъымыщыкъуэ Батэрэз. Нарт щауэр къапхъуэщ, Іэщ1ичри, Пщыдадэм къеуащ, асыхьэтуи нартыжьыр абдеж къыщиукІыжащ.

Нартыжьхэр зэхуэсри:

- Хъымыщыкъуэ Батэрэз, нарт Пщыдадэ букІащ, хэт мыгъуэм и хьэм дыкъишха? - жаІащ зэІущІэм.

- Нартхэм фи лъапсэм зы къизмынэу фызытезукІэнщ.

- Уий, думыукІ, жыІэщІэ дыпхуохъу.

- Си лъеитІым из дарий сахуэ къэвгъуэт, къэвмыгъуэтмэ, си Іэмыщ1э зыкъифлъхьэ, - яжриІащ Хъымыщыкъуэ Батэрэз нартхэм.

И Іэмыщ1э зралъхьэри, унафэщІ яхуэхъуащ, Хъымыщыкъуэ Батэрэз нартхэр пашэу куэдрэ яІащ.

ПщIыхьым ухешэ

Адыгэ Республикэм и Сурэт галерее Мейкъуапэ дэтым къыщызэIуахащ сурэтыщI-модельер цIэрыIуэхэу Сэралъп Мадинэрэ ХьэцIыкIу Милэрэ я Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Пэшым щегъэувэкIа хьэпшыпхэр апхуэдизкIэ дахэщи, нэр плэпех, тхыпхъэщIыпхъэу а фэилъхьэгъуэхэр зэрыгъэщIэрэщIар зэпэпплъыхь пэтми, гум зигъэнщIыркъым.

МЫ гъэлъэгъуэныгъэм Iуэхугъуитl щызэхэухуэнащ - Сэралъп Мадинэ и «Нанэ и пщIыхьэпIэмрэ» ХьэцIыкIу Милэ и «Сэ сытхыпхъэщ» жыхуиIэмрэ. Бзылъхугъэ зэчиифIэхэм зы утыкум фащэмрэ тхыпхъэщIыпхъэмрэ щызэпащIэжащ, блэкIамрэ нобэмрэ зэрызэгъунэгъур къагъэлъагъуэу дамыгъэ IупщIхэмрэ уэгум щес щэкI псынщIэм и толъкъунхэм ягъэщIэращIэ фащэхэмрэ зэрызэкIур наIуэ къащIу. Пэшым щалъагъу хьэпшыпхэм яIэ теплъэр цIыхухэр зэсахэракъым, ауэ абы къыщызэхуэсахэм къызэрыхагъэщамкIэ, зэ IуплъэгъуэкIэ тыншу «укъоджэ» псоми зэдащIэ адыгэ кодым. Аращ Сэралъп Мадинэрэ ХьэцIыкIу Милэрэ я зэдэлэжьэныгъэм лъабжьэ хуэхъури.

Сэралъп Мадинэ дежкIэ мыр Мейкъуапэ къалэм къыщызэригъэпэщ етхуанэ гъэлъэгъуэныгъэщ. ИкIи Кавказ Ищхъэрэм щыцIэрыIуэ сурэтыщIым, дизайнерым и дэтхэнэ гъэлъэгъуэныгъэщIэри япэрейхэм зыгуэркIэ къащхьэщокI, щIэ куэд къегупсыс.

- Мыбы щыфлъагъу хьэпшып псори япэу утыку кIитхьэу аращ. Манекенхэри дизайнер Сэралъп Мадинэ и Iэдакъэщ1экIхэракъым зытегъэпсыхьар, ар джэгукIэм и теплъэм нэхъ теухуащ. Фащэхэм я театру жыпIэ хъунущ, тхыпхъэщIыпхъэхэр фэилъхьэгъуэхэм къатекIри, езыхэм я плIанэпэ зэрагъэпэщащ. А псоми гупсысэр еуэщI, зрегъэубгъу, зыужьыныгъэм толажьэ, - жиIащ Мадинэ.

Апхуэдэу сурэтыщIым къыхигъэщащ зэкъуэш республикэхэм я адыгэ щэнхабзэр тхыдэ и лъэныкъуэкIэ Щхьэгуащэ псым быдэу зэрепхар. Аращ «Щхьэгуащэ деж щыслъэгъуа пщIыхь» фIэщыгъэр дамыгъэу щIыщытыр. Пэшым щегъэувэкIа фэилъхьэгъуэхэр псори хужьыфэщ, графикэ тхыпхъэщIыпхъэхэр къытощ. Умыгъэщ1эгъуэн плъэкIыркъым, а хужьыфэхэм я гъусэу къигъэсэбэпа щэкI гъуабжафэхэм фащэм ныбжь тридзэ щIыкIэу узэрыIуигъаплъэр.

Сэралъп Мадинэ и Iэдакъэщ1экIхэм тетхыхыну фIэфIщ, а дамыгъэхэмрэ Iэрытххэмрэ я нэщэнэу жыпIэ хъунущ «Нанэ и пщIыхьэпIэ» зыфIищ проектым.

- Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэрымыкIуэщ, гурыщIэ хьэлэмэтхэр къызет, сщыгъупщэжа пэлъытэ, аддэ гурыщIэм щыгъэпщкIуа гукъэкIыжхэр кьегъэушыж. Экспонату мыбы щытлъагъум псэ яIут хуэдэщ. Мыбыхэм таурыхъым и дунейм ухашэ икIи, пэж дыдэу, пщIыхьэпIэм ухэт хуэдэу къыпщохъу. Иджыри зэ хьэкъ пщещI ди фащэм и дахагъыр! Сыт хуэдиз пкъыгъуэ, сыт хуэдиз къулеигъэ хэлъ мы ди лъапIэныгъэм! - жеIэ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Даур Жаннэ.

Пэшым щегъэувэкIахэм уащыхэплъэкIэ, нэрылъагъущ, анэшхуэхэм зэрахабзэу, бзыхьэхуэхэр, бостеяпхъэхэр хъумэныр, ахэр щIэрыщIэу утыку къихьэжыныр гъэлъэгъуэныгъэм и купщIэу зэрыщытыр. Гъэлъэгъуэныгъэм гуащэхэр къызэрыщагъэсэбэпари Iуэхущ1экъым, абыхэм езыхэм я къалэн ягъэзащIэ. Ауэ мы проектым гуащэм и фIыгъэкIэ творческэ Iуэхум щIэщыгъуэу хэт Iэмалыщ1эхэр къэгъэлъэгъуа щыхъуащ.

- Пасэм адыгэ хъыджэбз цIыкIухэр зэрыджэгун хьэпшып яIакъым. Езыхэм къагупсысу арат. Абы къыхэкIыу, гуащэ къэс езым и хьыбар иIэжт. Си дежкIэ мы гъэлъэгъуэныгъэр цIыхубз хъуэпсапIэр нахуапIэ зыщI дахагъэ гуэрщ, - къыхигъэщащ Адыгейм и цIыхубэ сурэтыщI Еутых Iэсият.

Тхыпхъэщ1ыпхъэмрэ абы и къэгъэсэбэпыкIэхэмрэ и лэжьыгъэхэм щиджу жыпIэ хъунущ ХьэцIыкIу Мили. Мы гъэлъэгъуэныгъэми абы япэу утыку къыщрихьащ трафарет техникэм тету щIа графикэ сурэт 12-р.

Езы Милэ зэрыжиIамкIэ, абы и проектыр зытеухуар адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр къэхутэнырщ, ахэр художественнэ гъэпсыкIэм тету тедзэнырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бзылъхугъитIым я «творческэ зэпсэлъэныгъэм» тыншу ухыхьэну Iэмал къует ахэр илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ зэрызэдэлажьэм. Абыхэм къыхагъэщащ Адыгейм къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэр адыгэ псори зэзыпх къежьапIэм хуеплъэкIыжынымкIэ Iэмал хъарзынэу зэрыщытыр.

«Щхьэгуащэ деж щыслъэгъуа пщIыхь» гъэлъэгъуэныгъэр бадзэуэгъуэм и 26 пщIондэ екIуэкIынущ.

Тхыгъэри сурэтхэри
ДАРИЙ Дахэнур *ейщ.*

ФIым хуопабгъэ Алим

Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-р мы гъэм фIы дыдэу къиухащ, экзаменхэм балл куэд щызэхуихьэсащ Къэшэж Алим. Зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм куэдрэ хэтащ зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ къигъэлъагъуэу. Анэдэлъхубзэр фIыуэ елъагъу, адыгэ къуажэм бзэр тыншу хъума щыхъуу жеIэ. Зыхуигъадэ щыIэкъым щIыуэпсыр - къуажэм и щIыпIэ дахэхэм защигъэнщIыркъым. Щ1эныгъэм и гъуэгум гурэ псэкIэ хуэхьэзыр щIалэм дыщепсалъэм, абы къыщIидзащ къиухагъащIэ курыт еджапIэм теухуа и гупсысэхэмкIэ:

- ШКОЛЫР си гъащIэм щыщ зэман телъыджэщ, махуэ гукъинэжхэр щызгъэкIуа щIыпIэщ абы и пщIантIэр. Классыр дызэкъуэтрэ дызэрыIыгъыу, зызыщIэдгъакъуэрэ дызэныбжьэгъуу дыкъызэдзэгъуэгурыкIуащ. Дэтхэнэми зэфIэкI игъэлъэгъуащ - зым и ехъулIэныгъэм адрейхэр гурэ псэкIэ дыщыгуфIыкIыу и Iуэху дэтIыгъащ сытым дежи. Хэт щIэныгъэ проект игъэхьэзырырт, хэт зэпеуэхэм хэтт, хэт спортым зэфIэкI щигъэлъагъуэрт. Курыт еджапIэр къэдухагъащIэщи, мис а псор зэныбжьэгъу-зэклассэгъухэм гуапагъэу ди зэхуаку къызэрыдэнар тфIэфIщ. ФIыщIи щытхъуи яхуэфащэщ ди егъэджакIуэхэм. Драгъэджа къудейкъым, атIэ даущиящ, хабзэ-нэмысым дыхуагъэсащ, Iуэхуфl дыхэтыфын хуэдэу дапсыхьащ. Хуабжьу сыхуэзэшынущ класс унафэщIу диIа Бей Лианэ. Си къарур си фIэщ къыслщищIыжащ сытым щыгъуи, жылагъуэ лэжьыгъэхэм си гур къыхуэзыгъэшар аращ. Гурэ псэкIэ фIыщIэ хузощI.

- Курыт еджапIэр къэбухащ. АдэкIэ сытхэр уи мурад, Iэщ1агъэу сыт къыхэпхыр?

- «Къэрал, муниципальнэ управленэ» унэтIыныгъэм сыщыхуеджэнущ еджапIэ нэхъыщхьэм - аращ къыхэсхар. Экзаменхэр тэмэму стащ, балл къэсхьахэмкIэ сыарэзыщ, иджы си дэфтэрхэр еджапIэм щIэслъхьэну си гугъэщ. Унагъуэми ар къыздаIыгъщ. Мы Iэщ1агъэр къыхэсхыным гупсэхуу сегупсысащ, сыхуеджэну сыщIыхуейр, ар къызэрыхуэсэбэпынур, зызужьынымкIэ сэбэп зэрыхъунур си фIэщ мэхъу.

Сыт адэкIэ уи мурадыр жыпIэмэ, жылагъуэ щхьэхуэ гуэрым сраунафэщIыну. Уеблэмэ ди республикэ лъэщым и Iэтащхьэ зэгуэр сыхъунуи зыхуэIуа щыIэкъым. Сызытепсэлъыхьхэр IэнатIэ къудейуэ зэрыщымытыр къызгуроIуэ, къызгуроIуэ абы епха жэуапныгъэр зыхуэдизри. Мыри дыщIызгъунут: пашэ нэсыр и щхьэ закъуэ егупсысын хуейкъым, цIыхухэм я псэукIэр зэIузэпэщ ищIынырщ абы и дежкIэ нэхъапэр. Сэ, псалъэм папщIэ, сыхуейщ сыкъыщалъхуа щIыналъэм зиужьыну, си гур мэпабгъэ зэгуэр ар нэхъри лъэщ хъуным си гуащIэ къихь хэслъхьэну. Сыхуейщ ди щIыналъэм щыIэ хабзэхэр нэхъри щIэрэщIэну, нэхъри тлъытэну. Иджырей технологиехэм IэмалыфIхэр къызэрыдатри куэд и уасэщ. Мис а Iэмалхэри къэзгъэсэбэпурэ ди щIыналъэм зезгъэужьынт сыт хуэдэ IэнатIэ сыпэрыувэми!

- Хэт гъащIэм щапхъэ щыпхуэхъур?

- Щапхъи гъуази схуохъу си адэанэр, ди нэхъыжьхэр. Ахэращ пэжыгъэм, гуапагъэм, захуагъэм, гущIэгъум, нэмысым сыхуэзыгъэсар, сызэрысабийрэ щапхъэ схуэхъур. Лъэпкъым и тхыдэ лэжьакIуэ куэдми сытрагъэгушхуэ Iуэхуфlхэр сщIэным.

- Балигъыпlэ уиувэным сыт нэхъ гугъуу хэлъыр, дауэ уеплърэ?

- Псом япэрауэ, балигъ ухъуным къокI жэуаплыныгъэ зыхэплъхьэныр. Лэжьыгъэми, Iуэхущ1афэхэми, унафэхэми - псоми жэуап щыпхырыну. СышколакIуэху си щIыбагъым къыдэтащ курыт еджапIэр, саунэтIащ икIи сытрагъэгушхуащ егъэджакIуэхэм. Иджы езыр-езыру щIэныгъэм и гъуэгум сытетын хуейщ. Балигъ гъащIэр гугъу пэтми, сэ абы щхьэкIэ сыкъикIуэтыркъым. Ар Iэмалыфlщ зыкъэзгъэлъэгъуэну, си унагъуэм сэбэп сыхуэзхъуну, жылагъуэм Iуэхуфl хуэзлэжьыну.

- Адыгэбзэр фIыуэ уолъагъу. Абы урипсэлъэныкъэ ургушхуэныкъэ фи унагъуэ хабзэхэм ящыщу къыщIэкIынущ...

- Анэдэлъхубзэм пщIэ хуэщIыныкъэ щэнхабзэм иригушхуэныкъэ псалъэ лей хэмыту дэтхэнэми къыгурыIуэн хуейуэ си гугъэщ. Анэдэлъхубзэрщ дунейм къызэрытехьэхэу цIыхум зэхихыр. Хэбгъэзыхьмэ, цIыхум и гъащIэ псокIэ аращ лъабжьэу иIэр, и псэр зыхэлъыр. «Бзэр тIэщIэкIмэ, ди щхьэр кIуэдынущ» жыхуаIэр ауэ псалъэ дыгъэлу аракъым - абы кууэ дызэгупсысын хуей хэлъщ. Аращи, си дежкIэ лъэпкъ гъащIэм къигъэув къалэнщ си бзэр схъумэныр.

- Щ1ыуэпсым щыщу сыт уи псэм нэхъ дыхьэр?

- Бгыхэр. Абыхэм захуэпший мэхъу гукIэ, я щыгум удокIри, уогупсысэ. Къармэхьэблэ укъыщалъхуауэ дауэ фIыуэ умылъагъунрэ бгыхэр?!

- Жылагъуэ Iуэхухэми жыджэру ухэтщ, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм узыщIэса курыт еджапIэм щиIэ къудамэм Iуэху щыблэжьащ...

- Сэ сфIэфIщ цIыхухэм сэбэп сахуэхъуну, зыгуэрым зиужьыным, и Iуэху ефIэкIуэным си къару мащIэ гуэр щыхэлъым деж, абы гурыфIыгъуэ гуэр къызет. ЦIыхухэм бгъэдыхьэкIэ къахузогъуэтыф. Курыт еджапIэм щекIуэкIа Iуэхугъуэ псоми сыхэтащ. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» школакIуэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Утыку уихьэфу, екIууи укъикIыжыфу уегъасэ, дауэ ирехъуи. НыбжьэгъугъэкIи, щIэныгъэкIи, гупсысэкIи къулей уещI зэгухьэныгъэм.

- Уэ курыт еджапIэр къэбухауэ, балигъ гъуэгум утоувэ. ШколакIуэхэм, нэхъыщIэхэм сыт хуэдэ чэнджэщкIэ захуэбгъэзэнт?

- ЯжесIэнт зэманым пщIэ хуащIыну, ар пщIэншэу ямыгъэкIуэдыну. Ныбжьыщ1эхэм зауэжыну хуеймэ, иджы Iэмалыфlхэр щыIэщ. «Феджэ, фи зэфIэкIхэм хэвгъахъуэ!» - яжесIэнут сэр нэхърэ нэхъыщIэхэм. Ауэ уеджэ къудейкIи хъунукъым. Нэхъыщхьэжщ цIыхугъэ пхэлъыныр.

- Упсэу, Алим, Тхьэм уи мурадхэр къуигъэхъулIэ!

Епсэльар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Автоинспекторхэр топ зэдоджэгу

Урысейм и Къэрал автоинспекцэр къызэрыззрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъум теухуауэ футбол цIыкIумкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и «Динамо» спорт комплексым.

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и къудамэхэм я командэхэр нэхъыфI цIэм щIэбэну махуитIым кърриубыдэу зэхьэзэхуащ.

Гуп 12 утыкум къихьати, зэпеуэм и япэ махуэм кърикIуахэм япкъ иткIэ команди 4-р финал ныкъуэм кIуащ.

ЕтIуанэ махуэм ерыщу зэпэщIэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм, Урысейм и Налшык УМВД-м, Урысей МВД-м Аруан, Дзэлыкъуэ районхэм щиIэ къудамэхэм я гупхэр.

Полицей-спортсменхэм къагъэлъэгъуащ футболым, спортым зэрыдихьэхыр, а джэгукIэм зэрыхуэIэзэр.

Ещанэ увыпIэр пенальтикIэ къихьащ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиIэ къудамэм и гупым. Урысей футболым и премьер-лигэм и арбитр нэхъыфI Тэнащ Инал и нэIэм щIэту екIуэкIа кIэух зэпеуэм щызэхуэзащ республикэ Къэрал автоинспекцэмрэ Налшык УМВД-мрэ я гупхэр. Ар удэзыхьэхыу екIуэкIащ.

Зэпеуэм и дыжьын медалыр лъысащ Налшык УМВД-м и командэм, текIуэныгъэр къахьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Гъуэгу плъыр къулыкъум и батальон щхьэхуэмрэ Къэрал автоинспекцэм и управленэмрэ я командэ къыхэхар.

Турнирым и гъуащхьэхъумэ нэхъыфIу къалэныгъэ Хьэгъэжей Албэч, Джыджий Анзор гъуащхьэхъумэ, Уэзрокъуэ Мурат гъуащхьауэ нэхъыфIхэщ, турнирым и топджэгу нэхъыфI хъуащ Кумыщ Мухьэмэд.

Турнирыр щызэхуащIыжым КъБР-м щыIэ МВД-м Къэрал автоинспекцэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Лыджыдэ Рэмэзан я лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ я махуэшхуэмкIэ икIи къыхигъэщащ апхуэдэ спорт зэпеуэхэм я гукъыдэжыр къызэрIэтыр икIи я къулыкъухэр нэхъыфIу гъэзэщIэнымкIэ къазэрыхуэщхьэпэр. .

Зэхьэзэхуэм къыхэжаныкIахэмрэ текIуахэмрэ ираташ кубокхэр, дипломхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Зэгупсысыпхъэщ мыри

Щ1эныгъэм и къудамэ Iэджэм и гугъу щащI къэрал зэхуаку журналхэм къытрадзэ тхыгъэхэм язым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, «ди планетэм тесхэм тхьэмыщкIагъэ ин къалъэIэсыным къэнэжар илъэс 30 - 40-м нызэрыхьэсщ».

УЗЫГЪЭПIЕЙТЕЙ апхуэдэ еплъыкIэ зэраIэмкIэ щыхьэту къэуващ Инджылызым и къалащхьэ Лондон дэт щIэныгъэ институтхэм ящыщ, Тьюринг Алан и цIэкIэ щыIэм и лэжьакIуэ Акино Херардэрэ Америкэ Ипщэ континентыр зи хэгъэгу Чили къэрал жыжьэм Тарапакэ и цIэр щызезыхьэу щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэм и профессор Болонья Маурэрэ.

Гъэщ1эгъуэныр аращи, щIэныгъэм а и IэнатIэм гъунэгъу зэхуищIа еджагъэшхуитIым дыхэзыгъаплъэ егупсысыкIэр къызыхахар мы зэманым ди планетэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщекIуэкI зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр аракъым, атIэ дэнэ лъэныкъуэкIи мэзхэр щысхьыншэу зэрыщагъэкIуэщIырщ.

А щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм зедмыгъэхъуэжу иджыри илъэс 30 - 40 хуэдиз едгъэкIуэкIыжмэ, шэч зыхэмылъыжыр аращи, жыг гуэрэхэм я нэхъыбэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, ЩIы Хъурейм тебзэхыкIыжынущ. Ауэ щыхъукIи, планетэр зи хэщIапIэ цIыхухэми хьэкIэкхъуэкIэхэми сэбэп къытхуэхъужыфынукъым алъандэрэ дыкъэзыхъумэу къыддэгъуэгурыкIуа дунейпсо щIыуэпсыр (экосистемэр).

Пэж дыдэуи, псыIагъэм и зэкIэлъыкIуэкIэр зыхуей хуэзыгъазэ, щIыгулъыр къэзыхъумэ, зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэзыгъэпэщ дызэрыбауэ лъышэр (кислородыр) куэду къыдэзыт щхъуантIагъэр кIуэдыпэмэ е ямылейуэ къыдэмэщIэкI хъумэ, уафэщI дызытесым (ди планетэм) щытщIэн щымыIэжым хуэдэнуци, абы къыкIэлъыкIуэну зэман кIыхьми дыщыпсэужыфыныр фIэщщIыгъуейщ.

Зи гугъу тщIы еджагъэшхуэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ (къызэрабжым тетщIыхьмэ), лъэхъэнэ жыжьэхэу планетэр зи хэщIапIэ цIыхухэр я бжыгъэкIэ иджыри куэд щымыхъум ЩIы Хъурейм мэзу тетам километр зэбгъузэнатIэу мелуан 70-м нэблагъэ къызэщIаубыдэрт. Дызэрыт зэманыр къэтщтэнщи, ди планетэм а бжыгъэр зэрыщыхъужыр километр зэбгъузэнатIэ мелуан 40-м нызэрыхьэсщ. Абы щыгъуэми, зэрынэрылъагъущи, дэнэ щIыпIэкIи жыгхэр зэрыщраупщIыкIым щIагъэхуабжьэ зэпытщ.

Ауэ, итIани, къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы физикхэр хэкIыпIэ къытхуэзылъыхъуэу фIым щыгугъхэми зэращыщыр. Абыхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, ди планетэм зэрыщыту къатщтэмэ, и щIыуэпсыр (экосистемэр) емыкIакIуэу къызыхэтегъэнэнымкIэ сэбэпышхуэ хъунут къэрал куэдым я еджагъэшхуэхэм «Дайсон и сферэ» зи фIэщыгъэ ухуэныгъэ абрагъуэу (конструкцэ), Дыгъэм и гуащIэмрэ и хуабэмрэ зэхуэзыхьэсу ЩIым къыхуэзыуIыпщыжым хуэдэхэр уахэм щаухуатэмэ...

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

● УФСБ-м къет

Мылъкукlэ защIигъакъуэрт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ илъэс 45-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэум торроризмэм ахъшэкIэ зэрызыщIигъакъуэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, шэч зыхуащIым ахъшэ зэхуихьэсырти, Урысей Федерацэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм защызыгъэпщкIухэу хамэ къэралхэм щыIэ дунейпсо террорист гупхэм ящыщхэм я счетхэм иригъэхьырт.

Урысейм и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.1 статьям и 1.1Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэс 715-м нэскIэ ягъэтIыс.

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Наркоманиемрэ наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэм теухуа зэIущIэ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Гуэбэшы Хьэмидбий. Абы зыдэлажьэ ведомствэхэм я лIыкIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ наркоманием ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм зэрыхэтым папщIэ.

- Наркотикхэм пэщIэтыныр ди зэхуэдэ Iуэхущ. Мыбдеж мыхьэнэшхуэ щиIэщ полицэм и мызакъуэу, дэтхэнэ министерствэми, ведомствэми, дин, жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэми. Хэхауэ фIыщIэ яхузощI волонтерхэм къыддэIэпыкъуну гупыж зэраIэм папщIэ. Къызэрырагъэхь щIыкIэр къызэпыудынри, дэтхэнэ псалъэмакъ щхьэпэри цIыху гъащIэ къезыгъэлщ. Къэралымрэ жылагъуэмрэ я къарур зэкъуэдгъэувэмэщ дэ ди цIыхухэр а шынагъуэм щыщытхъумэфынур, - къыхигъэщащ Гуэбэшым.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед. КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым я лIыкIуэхэу Клюшниченкэ Вадимрэ ЦIыпIынэ Заремэрэ, апхуэдэуи республикэм наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъыныкIэ и управленэм и унафэщI, полицэм и подполковник Къэзэр Аслъэн сымэ.

АдэкIэ, наркоманием пэщIэтыным ехьэлIа Iуэхухэр къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ къазэрыдэлажьэм, жылагъуэ зэхуэсхэм жыджэру зэрыхэтым, щIалэгъуалэр зэрагъасэм папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр иратащ министерствэ, ведомствэ, дин, жылагъуэ Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэмрэ волонтерхэмрэ.

Сабийхэм я Iэдакъэщ1экI сурэтхэм я зэпеуэм, «Дэ гъащIэ узыншэм дрителъхьэщ» зыфIащам зэрыщытекIуам папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ Налшык и еджапIэхэм щыщхэу Скуратовэ Варварэ, ЛIыгуащIэ Амир, Долженкэ Анастасие, Аджий Астемыррэ Бэлэтокъуэ Аделинэрэ.

Ныбжьыщ1эхэм я Iэдакъэщ1экI дахэхэр тыгъэ хуащIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIым и къуэдзэмрэ президиумым хэтхэмрэ.

Апхуэдэуи полицэм и кадет классым щеджэхэу ЛIыгуащIэ Амиррэ Аслъэн Ильянэрэ къеджащ усэхэм.

Хабзэ зэрыхъуауэ, Iуэху гуапэр иухащ зэIущIэм хэта псоми зэщIыгъуу сурэт зытрагъэхыу.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.073
Заказыр №1399

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ДышэкI Соня** *(1, 4-нэ нап.).*
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.